DEVOSYON JOUNEN AN
PAWÒL PWOFETIK OU CHAK JOU

NIMEWO 3

July – Agost– Setembr

2026

BonNouvèl

Jounen an



Menm jan ak dlo frèt pou yon nanm ki swaf, se konsa BònNouvèl ki sot nan peyi lwen ye (Pwovèb 25:25).

Uebert & BeBe
ANGEL

NIMEWO 3 | 2026

JIYÈ – OUT – SEP

ENFÒMASYON PÈSONÈL

Non ou:

Nimewo Telefòn ou:

OBJEKTIF OU POU TRIMÈS SA:

KIJAN POU'W ITILIZE DEVOSYON SA A POU YON ENPAK MAXIMÒM

BònNouvèl Jounen an fèt pou ede'w grandi atravè Pawòl BonDye a chak jou. Li devosyon an dousman epi reflechi sou mesaj li a.

Fè priyè a epi di deklarasyon pwofetik la avèk lafwa, fè BonDye konfyans pou travay nan lavi'w.

Swiv defi lekti Labib chak jou a ak etid biblik yo pou ranfòse konpreyansyon'w sou Pawòl BonDye a epi bati yon relasyon konsistan avèk Li.

Pandan w'ap itilize devosyon sa a chak jou, atann pou Pawòl BonDye a gide'w, fòtifye'w, epi mennen'w nan viktwa.

Pran plezi nan tan chak jou ou avèk BonDye atravè BònNouvel Jounen an, BonDye beni'w.

Pwofèt Uebert Angel



KONSÈNAN DEVOSYON AN

Devosyon BònNouvèl Jounen an se Pawòl pwofetik ou pou jounen an e se yon resous Kretyen trè apresye ki ekri ak anpil swen pou pote anrichisman espirityèl chak jou nan ane a. Li ofri ide pwofon, revelasyon pisan, ak **DEKLARASYON PWOFETIK** chak jou nan objektif pou gide lektè yo nan yon lavi ki santre sou Kris, ki pran rasin nan ansèyman transfòmatif ak revelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Pibliye chak 3 mwa, devosyon sa distenge li nan fason li etann li nan mond la, kote ke li disponib gratis nan yon pakèt lang pou depase baryè lengistik yo epi asire ke mesaj pou chanje lavi li yo aksesib tout kote nan mond la. Avèk twa edisyon inik, pou Granmoun, Adolesan, ak Timoun, Devosyon BònNouvèl Jounen an pote Pawòl pwofetik la bay chak jenerasyon, pou bay fanmi yo pouvwa pou yo grandi ansanm nan lafwa ak revelasyon.

UEBERT AK BEVERLY ANGEL

Ak yon gwo richès eksperyans nan ministè a plen tan, Uebert ak Beverly Angel vin tounen vwa ki enpòtan anpil nan pataje BònNouvèl gras Bondye a (Euangelion) ak fè avanse ministè pwofetik la tout kote nan mond lan. Antanke otè ki gen anpil siksè nan liv enfliyan tankou Spiritual Warfare, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, Grace Driven Life, ak Devosyon BònNouvèl Jounen an, yo fè gwo kontribisyon nan literati Kretyèn an. Renome pou vizyon, inovasyon, ak lidèchip dinamik yo, Uebert ak Beverly Angel se oratè konferans ke yo ap chache anpil. Kòm pyonye mondyal ak fondatè Legliz GoodNews (Spirit Embassy) ak detantè ofis Pwofèt la, yo gen yon enpak pwofon sou lavi plizyè milyon moun atravè mond lan, gide pa yon angajman san parèy pou simaye revelasyon BònNouvèl la ak pouvwa transfòmatif ki genyen nan gras Bondye a (Euangelion).





LAFWA DIRE

Ebre 10:36 (KJV)
Ou bezwen pasyans, pou lè'w fin fè volonte BonDye a, ou ka resevwa pwomès la.

Mwen wè kretyen ki abandone twò bonè anvan mirak yo a manifeste, men konprann sa: lafwa BonDye a pèsevere. Li pa abandone, li pa febli, oswa li pa rann tèt li devan dekourajman. Pasyans se pa tann pasivman, men se konfyans aktif ke BonDye ap fè egzakteman sa Li te di a. Lafwa BonDye sa a refize kite reta oswa echèk atenn li paske li wè pwomès la deja akonpli. Lafwa ki dire a prepare'w pou yon manifestasyon konplè.

Pandan tan ap teste lafwa'w, andirans pwouve li. Lè'w rete konsistan, pale Pawòl la, epi kenbe espwa'w, pwomès la finalman manifeste, paske BonDye pa yon nonm pou Li ta bay manti. Sa vle di L'ap fè sa'L di nan tan ak sezon pa'L pou fanmi'w, biznis ou, ak karyè'w nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ranfòse lafwa'm pou'm ka pèsevere san abandone. Mwen resevwa gras pou pasyans ki fè konfyans aktivman nan Pawòl Ou kounye a ak pou tout tan nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lafwa'm pèsevere. Mwen kenbe pwomès BonDye yo fèm jouktan mwen wè manifestasyon konplè yo, pouse lavi'm nan yon lòt nivo gras ak lapè, nan non Jezi ki puisan! Lwanj pou Senyè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 6:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 182
Lik 12:32-59; Sòm 70-71

GoodNews DAILY

VRÈ SOUS PWOVIZYON

Filip 4:19 (KJV)
Men, BonDye mwen an va ba'w tout sa'w bezwen, dapre richès li yo nan glwa granmesi Jezikris.

Konfye finans ou bay BonDye kòmanse lè'w rekonèt Li kòm Sous prensipal ou. Travay, biznis, ak opòtinite yo se kanal, men BonDye Li menm se Founisè a. Lè konfyans ou chanje soti nan kapasite'w pou ale nan sifizans Li, enkyetid lache kwòk li epi lapè ranpli kè'w. Pwovizyon BonDye pa limite pa kondisyon ekonomik yo. Li bay soti nan richès Li nan glwa, non pa nan mank ki gen sou latè.

Lè'w mete finans ou nan men Li, Li miltipliye resous yo, louvri pòt ou pat espere yo, epi Li òganize rezèv sinatirèl. Fè BonDye konfyans ak finans ou yo se pa iresponsabilite; se sajès divin. Sila ki posede tout bagay la konnen kijan pou soutni pitit Li yo nan tout sezon. BonDye, ki miltipliye de pwason ak senk pen pou nouri 5,000 moun, ka pran swen biznis ou ak fanmi'w nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen rekonèt Ou kòm Sous ak Founisè. Mwen mete finans mwen nan men'w, mwen fè'w konfyans ak sifizans Ou plis pase tout sistèm. Miltipliye resous mwen yo, epi louvri pòt sinatirèl yo! Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye se Sous mwen. Mwen konfye finans mwen nan men Li yo epi mwen mache nan pwovizyon sinatirèl. Mank pa fè pati vokabilè'm; li pa ka pwoche bò kote'm rete nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 121:1–2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 183
2 Istwa 21-22; Travay 25



GoodNews DAILY

BONDYE A LÈ

1 Piè 5:10 (KJV)
Men, BonDye tout gras la, ki rele nou pou resevwa glwa etènèl li pa Jezikris, apre'w fin soufri yon ti tan, pèfeksyone'w, etabli'w, fòtifye'w, ran ou inebranlab.

N'ap sèvi yon BonDye ki pasyan nan fason Li aji avèk nou. Yo rele Li Ansyen Jou yo. Pasyans li lye ak fason li wè tan. Ekriti a di 1000 ane se tankou yon jou pou Li. BonDye pa viv ni nan yè ni demen. Li viv nan yon sèl etènèl « kounye a ».

Sa nou santi ki an reta pa janm an reta pou BonDye. Ekriti Sent yo montre nou ke Li souvan revele tèt Li nan mitan yon kriz. Pasyon Chadrak, Mechak ak Abednego te genyen pou BonDye nan yon moman kriz te pwovoke'L pou antre nan difé a avèk yo. BonDye te chanje founo difé a an yon anviwònman ki gen èkondisyone!

Fè BonDye konfyans anvan, pandan, ak apre difé a. Li pa janm an reta; L'ap parèt aklè pou'L anbeli lavi'w!

PRIYÈ POU JODIYA

Ansyen Jou yo, mwen fè'W konfyans anvan, pandan, ak apre chak difé. Antre nan kriz mwen an; pèfeksyone'm, etabli'm, ranfòse'm, epi ran mwen inebranlab. Transfòme eprèv mwen yo an temwayaj epi anbeli lavi'm!

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye mwen an ap parèt. Li toujou a lè, epi mirak mwen an p'ap janm echwe nan non Jezi ki gen tout pouvwa a! Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
2 Korint 4:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 184
2 Istwa 23-24; Travay 26



GoodNews DAILY

BONDYE KI ANILE VÈDIK YO

Danyèl 7:22 (NLT)
Jouk tan Sila ki Ansyen an - Sa ki Pi Wo a - te vini epi jije an favè pèp sen Li an. Epi lè a te rive pou pèp sen an pran posesyon wayòm nan.

BonDye se Jij siprèm nan, ki gen twòn ki anile tout vèdik sou latè. Lè lavi, moun, oswa sikonstans yo konkli negativman sou destine'w, Li entèvni pou ranvèse rezilta a. Gen moman kote li sanble ke lènmi an te genyen teren legal, li fèmen pòt yo epi li anpeche pwogrè. Men, menm jan nan vizyon Danyèl la, BonDye leve epi li reekri desizyon final la. Chak akizasyon espirityèl, ekriti demonyak, ak reklamasyon jenerasyonèl anile lè Ansyen an chita pou jije.

Lè BonDye pran desizyon nan ka'w la, sik yo kraze, desten chanje, epi onè retabli. Pa gen okenn akizasyon ki ka kenbe lè mizèrikòd li genyen. Mete konfyans ou nan BonDye ki gen dènye mo a konsènan lavi'w. Menm lè bagay yo sanble an reta, sonje ke tan li pafè. Li pral entèvni nan lè pi gwo enpak la, epi sa ki te sanble ak defèt pral tounen yon temwayaj ki glorifye BonDye.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, leve kanpe epi jije an favè mwen. Ranvèse tout vèdik negatif ki pwononse kont desten mwen. Anile akizasyon yo, kraze sik mal yo, epi retabli onè. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Chak vèdik negatif kont destine'm ranvèse. Istwa'm reekri pou glwa Li nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 54:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 185
2 Istwa 25-27; Travay 27:1-26



LAPRIYÈ KI LOUVRI PÒT ENPOSIB YO

Travay 12:5 (KJV)
Poutèt sa Pyè te rete nan prizon. Men, legliz la t'ap lapriyè BonDye pou li san rete.

Mwen wè efikasite lapriyè nan lavi'm yon fason tèlman enkwayab ke mwen ka deklare avèk fòs ke lapriyè mache! Gen kèk pòt ki p'ap janm louvri toutotan ou pa lapriyè. Yo te fèmen Pyè dèyè baryè an fè, sòlda t'ap siveye'l, epi yo te pwograme pou egzekite'l, men legliz la te priye. Priyè yo te aktive entèvansyon zanj ki te kase chenn, louvri baryè, epi delivre Pyè san difikilte.

Sa montre pa gen prizon ki twò fòtifye, pa gen sitiyasyon ki twò difisil, e pa gen pòt ki twò sele ke lapriyè pa ka louvri. Priyè'w yo konvoke zanj yo, fèmen bouch ajanda demonyak yo, epi aplike volonte divin BonDye a. Lè'w priye, sinatirèl la vin natirèl, e enposib la vin posib.
Pa kite gwosè baryè a fè'w pè; fè yon BonDye ki gen anpil pouvwa konfyans nan priyè'w yo. Pòt ou te panse ki te fèmen pou tout tan ap louvri sibitman lè'w angaje Syèl la nan lapriyè.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pandan m'ap angaje Syèl la nan lapriyè, ouvri tout pòt ki enposib devan'm. Se pou chenn yo kase, pòtay yo louvri, epi entèvansyon zanj yo leve pou mwen!

DEKLARASYON PWOFETIK

Chak pòt ki reziste kont desten mwen louvri pa pouvwa diven pandan m'ap angaje mistè lapriyè a nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 7:7–8

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 186
2 Istwa 28-29; Travay 27:1-26



NON KI KÒMANDE OTORITE A

Filip 2:10 (KJV)
Konsa, nan non Jezi, tout jenou va pliye, bagay ki nan syèl la, bagay ki sou tè a ak bagay ki anba tè a;

Non Jezi a se pa yon fraz relijye òdinè; li se pi gwo twòn otorite alafwa nan domèn vizib ak envizib. Lè'w pale de Non Li, ou envoke tout pouvwa rezirèksyon ak viktwa Li te ranpòte sou peche, lanmò ak fènwa. Nan Non sa a, demon yo tranble, maladi febli, epi lòd diven etabli.

Otorite legal ki vlope nan Non Jezi a rekonèt nan Syèl, pè nan Lanfè, epi onore sou Latè. Chak sitiyasyon, kèlkeswa jan li gen tèt di, dwe koube lè Non Jezi deklare nan lafwa. Itilize Non Li avèk asirans nan lapriyè, nan lagè, nan desizyon, ak nan deklarasyon yo. Sa'w pa ka jere ak fòs fizik, ou ka pran'l atravè Non Li!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen envoke Non Jezi avèk asirans sou lavi'm. Mwen deklare ke nan Non Jezi, tout jenou nan Syèl, sou Latè, ak anba Latè koube tèt devan Majeste Li. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Nan non Jezi ki puisan an, tout jenou k'ap reziste destine'm koube, epi chak batay soumèt anba otorite Li. Mwen deklare lapè nan anviwònman mwen nan non Jezi ki puisan an! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Mak 16:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 187
2 Istwa 30-31; Travay 28



GoodNews DAILY

FAVÈ KI DISTENGE

Sòm 5:12 (KJV)
Paske ou menm, Seyè, ou beni moun ki mache dwat devan BonDye, ou pwoteje'l avèk favè tankou yon boukliye.

Favè se mak distenksyon BonDye mete sou lavi yon moun. Se enfliyans sipènatirèl ki fè moun, sistèm ak opòtinite reyaji pozitivman avè'w. Lè BonDye antoure'w ak favè, ou vin prefere kote lòt moun yo sèlman prezan.

Jozèf te nan yon peyi etranje, epoutan favè BonDye te distenge'l nan kay Potifa a, nan prizon an, epi finalman nan palè Farawon an. Favè se yon mak distenksyon BonDye mete sou ou pou montre apwobasyon Li pou fanmi'w, biznis ou, finans ou ak karyè'w.

Favè leve, fè pwomosyon, epi akselere. Li kraze pwotokòl, fèmen bouch opozisyon, epi li louvri pòt ke efò pa ka louvri. Lè favè repoze sou ou, sa ki difisil pou lòt moun vin senp pou ou. Favè se pa yon bagay ou pouswiv; se yon bagay ou mete tèt ou nan pozisyon pou pote atravè obeyisans, imilite, ak entimite avèk BonDye.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, antoure'm avèk favè tankou yon boukliye. Kite gras ou make lavi'm, fanmi'm, biznis mwen ak karyè'm, pou apwobasyon ou parèt klè nan tout sa'm fè.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen antoure ak favè divin. Mwen se prefere, distenge, epi leve'm kèlkeswa kote'm ale. Mwen pa ka sibi refi paske favè kontinye pale pou mwen nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Danyèl 1:9

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 188
2 Istwa 32-33; Ròm 1



GoodNews DAILY

BONDYE KI ALE DEVAN'W NAN BATAY LA

Deteronòm 20:4 (NLT)
Paske Seyè a, BonDye ou a, ap mache avè'w. Li va goumen pou ou kont lènmi'w yo, epi Li va ba ou viktwa

Ou pa't janm fèt pou mennen batay lavi yo pouko'w. BonDye mache devan'w tankou yon chanpyon gèrye, k'ap egzekite travay ekstraterès, k'ap fèmen bouch lènmi kache yo, epi k'ap netralize estrateji satanik yo anvan yo manifeste. Anpil nan viktwa w'ap jwi chak jou yo se batay BonDye te mennen pou ou yo san'w pa konnen.

Lè BonDye mache devan'w, laperèz pèdi priz li epi ensètitid pèdi pouvwa li. Li kanpe devan desten'w, pou asire ke okenn zam ki fòme kont ou pa reyisi. Wòl ou se fè Li konfyans epi rete ann akò ak Pawòl Li. Lè BonDye goumen pou ou, batay ki te mete do lòt moun yo atè ap leve'w. Rete trankil epi gade delivrans Senyè a manifeste nan chak aspè nan lavi'w! Alelouya!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ale devan'm nan chak batay nan lavi'm. Goumen pou mwen, fèmen bouch lènmi kache yo, demonte pyèj envizib yo, epi netralize tout estrateji satanik nan non Jezi ki puisan an. Amèn

DEKLARASYON PWOFETIK

Senyè a mache devan'm, goumen pou mwen, epi sove'm. Pa gen batay ki pral kraze destine'm, pa gen zam lènmi an ki konplote pa ajan lèzòm ki pral kanpe kont mwen nan non Jezi! Lwanj pou Senyè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 52:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 189
Lik 13:1-21; Sòm 72-73



LANMOU SAN FAY BONDYE A

Jeremi 31:3 (KJV)
SENYÈ a te parèt devan'm byen lontan, li di: Wi, mwen renmen'w ak yon lanmou ki p'ap janm fini. Se poutèt sa mwen te atire'w ak bonte Mwen.

Lanmou BonDye a pa sezonye, emosyonèl, oswa kondisyonèl: li etènèl. Anvan menm ou te konnen Li, Li te renmen'w. Bib la di pandan ke nou te toujou pechè, Kris te mouri pou nou. Anvan menm ou te fè premye priyè'w la, Li te chwazi'w. Lanmou BonDye a konstan menm lè sikonstans yo varye. Lanmou lèzòm ka febli, fennen, oswa refwadi, men lanmou BonDye a rete fèm.

Lanmou Li pouswiv, geri, retabli, korije, epi ranfòse. Li pa kondane; li transfòme. Lanmou BonDye a se lank nan tanpèt yo, boukliye nan lagè, ak konsolasyon nan doulè. Lè tout bagay ap tranble, lanmou li kanpe fèm pou ou. Lanmou BonDye a pa pwouve pa absans batay, men pa prezans li mitan yo. Li konnen'w byen, wè'w byen, epi Li renmen'w byen. Pa gen anyen ki ka separe'w ak afeksyon Li.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen resevwa epi mwen repoze nan lanmou enfayib ak etènèl Ou a. Kite bonte'W rale'm, geri'm, retabli'm, epi ranfòse'm. Ke'W se lank mwen nan tanpèt yo, boukliye'm nan batay yo, ak konsolasyon'm nan doulè.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen repoze nan lanmou etènèl BonDye a. Pa gen anyen nan lavi oswa nan letènite ki ka separe'm ak lanmou Li! Lwanj pou Senyè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 8:38–39

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 190
2 Istwa 34-36; Ròm 2



GoodNews DAILY

BONTE BONDYE A PA JANM FINI

Ròm 2:4 (KJV)
Oubyen èske w'ap meprize richès bonte BonDye yo, pasyans li ak andirans li, paske'w pa konnen ke bonte BonDye ap mennen'w nan repantans?

Bonte BonDye a pa frajil ni pasajè; li abondan, li fèm, epi li toujou ap koule. Bonte Li atire kè, restore lespwa, epi soutni moun ki fatige yo. Siksè nou resevwa yo pa rezilta pèfeksyon nou men se lakòz bonte ekstraòdinè Li. Bonte Li kontinye pouswiv nou menm lè n'ap lite, nou febli, oswa nou ale nan deriv. Bonte BonDye a se yon dous rapèl ke Li pou ou, pa kont ou. Ou ka apiye sou Li.

Bonte BonDye a ki renouvle chak maten louvri pòt yo, adousi batay yo, epi ranvèse enposibilite yo. Chak mizèrikòd ou te resevwa se prèv bonte Li. Lè lavi a sanble difisil, bonte Li pote rekonfò; lè mond lan sanble frèt, bonte Li chofe nanm ou. Kèlkeswa jan yon sezon parèt fènwa, bonte BonDye ap lokalize'w. Yo pral onore'w, chwazi'w pou pwomosyon nan Ane Lwil Etranj sa a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen remèsye'W pou bonte'W ki pa janm fini. Kite bonte'W pouswiv mwen epi lokalize'm, dezame tout batay, louvri pòt yo, epi ranvèse enposibilite yo nan non Jezi. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Bonte BonDye a antoure lavi'm epi li toujou mennen'm nan rankont pi pwofon ak bonte Li nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Egzòd 34:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 191
Esdras 1-2; Ròm 3



BOUKLIYE BONDYE A

Sòm 3:3 (KJV)
Men ou menm, SENYÈ, ou se yon pwoteksyon pou mwen; glwa mwen, ak Moun ki leve tèt mwen

Pwoteksyon BonDye a se yon boukliye aktif ki antoure chak aspè nan lavi'w. Boukliye BonDye a bloke atak ou wè ak sa'w pa wè yo. Anpil danje ki te ka detwi'w te sispann paske BonDye te kanpe ant ou menm ak lènmi an. Pwoteksyon Li kouvri lespri'w, sante'w, finans ou, fanmi'w, ak destine'w.

Ou pa ekspoze; ou antoure. Boukliye BonDye a enpenetrab; okenn flèch fènwa pa ka pèse'l. Lè laperèz ap soufle, sonje ke BonDye Li menm se defans ou. Pwoteksyon Li pa febli pandan kriz; li pi klere nan danje. Nenpòt sa ki leve kont ou dwe fè kolizyon ak boukliye BonDye a, pa ak feblès ou. Ou fòtifye ak pwoteje pa Toupisan an. Rete an sekirite anba pwoteksyon divin BonDye a nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ou se boukliye'm ak defans mwen. Antoure lavi'm, fanmi'm, sante'm, finans mwen, ak destine'm ak pwoteksyon enpenetrab Ou. Se pou tout flèch fènwa bloke, epi tout plan lènmi an echwe! Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Senyè a se boukliye'm. Mwen pwoteje, prezève, epi mwen entouchab pa pouvwa BonDye kounye a ak pou tout tan! Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 28:7

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 192
Esdras 3-5; Ròm 4



GRAS NAN BAY LA

2 Korint 9:7 (KJV)
Se pou chak moun bay jan li te deside nan kè'l, san tristès ni san'l pa santi li fòse fè sa, paske BonDye renmen moun ki bay ak kè kontan.

Bay se yon gras, se pa yon chay. Lè bay soti nan lanmou ak obeyisans, li vin tounen yon semans ke Syèl la rekonèt epi miltipliye. Bay kraze lespri rate, demonte avidite, epi mete yon kretyen nan pozisyon pou resevwa nan sistèm abondans Wayòm BonDye a. Yon moun ki bay ak kè kontan pa bay poutèt presyon, kilpabilite, oswa laperèz, men poutèt revelasyon ke tout sa yo genyen se BonDye ki konfye yo li.

Lè'w bay, ou asosye avèk objektif BonDye epi ou louvri pòt rezèv Li yo. Bay pa mezire pa gwosè semans la men pa pozisyon kè a. Yon lavi ki chita sou bay envite favè BonDye, opòtinite sinatirèl, ak pwovizyon kontinyèl. Gras pou bay la se gras pou resevwa tou. Ou antre nan yon nouvo sezon abondans atravè sa w'ap bay. Pratike li!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, lage sou mwen gras pou'm bay jenerezman ak kè kontan. Libere kè'm anba mank ak presyon. Aliyen'm ak abondans Wayòm Ou an, pou'm ka asosye ak objektif ou nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Gras bay ak kè kontan repoze sou mwen, epi abondans koule nan lavi'm san restriksyon, limitasyon, oswa kontrent nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 11:25

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 193
Esdras 6-8; Ròm 5



FIDELITE KI PA CHANJE

Plenn 3:23 (NLT)
Fidelite li gran; mizèrikòd li yo rekòmanse chak maten.

Fidelite BonDye a se lank esperans chak Kretyen. Li pa chanje, li pa varye, oswa li pa echwe. Lè moun chanje, lè sikonstans yo souke, epi lè lavi vin ensèten, BonDye rete konstan. Fidelite li anrasinen nan karaktè li: Li kenbe chak pwomès, li sonje chak alyans, epi li akonpli chak pawòl li te di nan lavi'w.

BonDye pa kenbe dosye sou fot ou yo, epi Li pa mezire fidelite Li dapre efò ak kondisyon lèzòm. Menm lè'w pa konsistan, angajman Li rete inebranlab. Fidelite BonDye se rezon ki fè'w jwenn soutyen, pwoteksyon, ak sa'w gen bezwen. Pa gen okenn sezon kote BonDye abandone moun pa'l yo. Fidelite Li se garanti'w ke sa Li te kòmanse nan lavi'w, L'ap fini'l nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye fidèl, mwen ankre espwa mwen nan Ou. Mèsi pou mizèrikòd ou renouvle chak maten. Mwen konnen'w te akonpli tout pwomès ak pwofesi konsènan mwen, fanmi'm, finans mwen ak biznis mwen nan non Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen kanpe sou fidelite BonDye ki pa chanje a. Chak pwomès Li te fè konsènan lavi'm, chak pawòl pwofetik Li te deklare sou mwen, ak chak vizyon Syèl la te ban mwen konsènan destine'm, ap rive vre nan non Jezi. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Nomb 23:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 194
Esdras 9-10; Ròm 6



BONDYE GERISÈ A

Egzòd 15:26 (KJV)
Li di konsa: Si'w koute atantivman vwa Seyè a, BonDye'w la, epi'w fè sa ki dwat nan je'l, e si'w bay zòrèy ou ak kòmandman'l yo, si'w kenbe tout lòd li yo, mwen p'ap voye okenn nan maladi sa yo sou ou, jan mwen te voye yo sou Ejipsyen yo. Paske, se mwen menm, Seyè a, k'ap geri'w.

BonDye revele tèt Li non sèlman kòm Sovè men tou kòm Gerisè. Gerizon Li pa limite a maladi fizik. Li rive nan blesi emosyonèl, batay mantal, opresyon espirityèl, ak afliksyon jenerasyonèl. Menm BonDye ki te geri Izrayèl nan dezè a pa chanje. Pouvwa gerizon Li koule nan Pawòl Li.

Gerizon se pa yon bagay BonDye fè nan kèk okazyon; li fè pati de nati Li. Li geri malad yo, retabli kò ki brize yo, panse kè ki blese yo, epi repare sa lavi andomaje yo. Pa gen okenn maladi, dyagnostik, oswa enfimite ki depase pouvwa Li. Lè medikaman yo rive nan limit li yo, gerizon BonDye a kòmanse fè mèvèy li yo! Gerizon fasil! Alelouya!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, Ou se Gerisè mwen. Mwen resevwa pouvwa gerizon ou nan kò'm, nan lespri'm ak nanm mwen. Restore tout sa lavi te domaje, epi manifeste gerizon Ou nan mwen, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pa pouvwa Jewova Rafa, tout maladi nan kò'm, nan lespri'm ak nanm mwen geri nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 107:20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 195
Neemi 1-3; Ròm 7



JEZI AVOKA NOU AN

1 Jan 2:1 (KJV)
Pitit mwen yo, bagay sa yo m'ap ekri nou an, se pou nou pa peche. E si yon moun peche, nou gen yon avoka bò kote Papa a, Jezikri, moun ki jis la.

Chak Kretyen gen yon reprezantan legal diven nan Syèl la: Jezikri, Avoka nou. Li pa plede pou nou dapre merit nou, men dapre jistis Li ak travay Li te fini sou kwa a. Lè lènmi an akize'n, Jezi pale. Lè kilpabilite leve, Jezi defann nou. Lè kondanasyon tante mare nou, Jezi kanpe nan plas nou.

Defans Li fèmen bouch tout akizasyon, anile tout reklamasyon legal fòs fènwa, epi li garanti aksè'w ak Papa a san kè sote. Ou pa janm poukont ou nan tribinal lavi a; Jezi Li menm reprezante'w. San Li se prèv ou, jistis Li se kouvèti'w, epi entèsesyon Li se defans ou. Li p'ap janm kite'w oswa abandone'w. Fè Pawòl Li konfyans!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen remèsye'W paske, grasa Jezikri, tout akizasyon ak kondanasyon vin bèbè gras ak san Li. Mwen resevwa yon aksè fèm ak twòn Ou, garanti pa travay akonpli Kris la. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Jezi, Avoka mwen, Konseye'm, Defansè'm, Defans mwen, Boukliye'm, ak Ranpa'm pale pou mwen. Chak akizasyon kont lavi'm ranvèse pa jistis Li. Lwanj pou Senyè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 8:34

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 196
Lik 13:22-35; Sòm 74-76



GoodNews DAILY

JEZI, PRENS LAPÈ A

Ezayi 9:6 (KJV)
Paske, yon timoun fèt pou nou, yo ban nou yon pitit gason; epi gouvènman ap repoze sou zèpòl Li; yo va rele'l Admirab, Konseye, BonDye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Prens Lapè a.

Jezi, Prens Lapè a, se pa sèlman moun ki bay lapè a, men Li se lapè a menm. Kote prezans Li repoze, tanpèt pèdi vwa yo epi laperèz pèdi otorite'l. Lapè Jezi a se pa kalm frajil mond lan ki depann de kondisyon ekstèn yo; se yon asirans sipènatirèl ki ankre nan souverènte Li. Lapè Li renye nan sitiyasyon kaotik yo kote fòs envizib yo ap eseye detounen pwogrè'w. Rete trankil epi gade delivrans Senyè a!

Lè Jezi antre nan yon sitiyasyon, konfizyon disparèt, enkyetid kraze, epi lòd diven an retabli. Lapè Li pwoteje kè a ak mantal la, epi li fòtifye lespri a. Menm lè lavi vin boulvèse, Prens Lapè a rete fèm. Li ofri lapè ki soti nan viktwa Li, pa nan sikonstans ou yo. Lapè sa a se eritaj ou ki pa ka nye.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè Jezi, mwen akeyi prezans Ou nan chak aspè nan lavi'm. Fè tout tanpèt fè silans, kraze enkyetid ak laperèz, epi retabli lapè mwen! Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Prens Lapè a ap renye nan lavi'm. Chak tanpèt ap koube byen ba. Kè'm ranpli ak kalm diven nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 14:27

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 197
Neemi 4-6; Ròm 8:1-21



SIFIZANS NOU

2 Korint 3:5 (NLT)
Se pa ke nou panse nou kalifye pou fè anyen poukont nou. Kalifikasyon nou soti nan BonDye.

Mwen asire'w, antanke pwofèt BonDye, ke vrè sifizans lan pa nan talan, resous, koneksyon, oswa fòs. Li nan Kris sèlman. Jezi se sous tout sa'w bezwen pou akonpli objektif BonDye pou lavi'w. Lè kapasite pa'w yo pa ase, gras li founi'w. Lè resous yo fini, pwovizyon Li debòde. Lè sajès la sanble limite, konpreyansyon Li vin avantaj ou.

Jezi sifi totalman. Plis ou depann de Li, se plis puisans Li ap revele. Limit ou yo pa chay; yo se yon envitasyon pou Li manifeste sifizans Li. Li ranpli tout espas vid, ranfòse tout feblès, epi konble chak bezwen. Ou p'ap manke anyen paske Kris se sifizans ou nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen renonse ak konfyans nan tèt mwen epi mwen depann totalman de gras Ou. Ranpli tout twou vid, ranplase feblès mwen yo ak fòs Ou, konble tout bezwen, epi ban'm fòs pou'm akonpli objektif Ou! Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Senyè Jezi, mwen deklare Ou se sifizans mwen. Mwen gen tout sa'm bezwen nan Ou, epi pa gen okenn aspè nan lavi'm k'ap soufri mank. M'ap viv nan abondans pou'm ka yon benediksyon pou jenerasyon mwen an nan non Jezi. Lwanj pou Senyè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 4:13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 198
Neemi 7-9; Ròm 8:22-39



GoodNews DAILY

SOUS SANTE DIVIN

Ezayi 53:5 (KJV)
Men, se poutèt peche nou yo li te blese, se poutèt inikite nou yo li te brize. Chatiman ki ban nou lapè a te tonbe sou li. E se gras ak blesi'l yo ke nou te geri.

Sante divin se pa sèlman absans maladi. Se lavi Kris la k'ap koule kontinyèlman nan kò nou. Senyè Jezi te vin gerizon nou atravè soufrans Li. Kou li yo te achte plis pase retablisman; yo te garanti yon stil de vi sinatirèl byen ranpli ak fòs, ak vitalite.

Sante divin vle di kò'w gouvène pa lavi Lespri a olye de limitasyon lachè yo. Jezi se sous lavi sa a. Pandan w'ap rete nan Li, sante divin Li ap koule nan ou, renouvle fòs ou, restore zòn ki andomaje yo—tankou gwo ògàn nan kò'w yo—epi reziste kont enfimite. Ou p'ap goumen pou lasante; w'ap aplike sa Jezi te deja jwenn pou ou. Alelouya!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen resevwa sante divin atravè travay konplè Kris la. Pa mwayen mak Li yo, mwen ranfòse kò'm totalman, ak fòs ak vitalite, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lavi Jezi a ap koule nan mwen. Mwen mache nan sante diven, fòs, ak vitalite sinatirèl chak jou nan lavi'm. Pa gen okenn zam mechan ki fèt pou detwi'm ap siviv nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Piè 2:24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 199
Neemi 10-11; Ròm 9:1-15



PWOSPERITE KI PA AJOUTE OKENN TRISTÈS

Pwovèb 10:22 (KJV)
Benediksyon SENYÈ a fè moun rich, e li pa ajoute okenn lapenn avè'l.

Pwosperite BonDye a diferan de sistèm mond lan. Richès mond lan souvan vini ak enkyetid, manipilasyon, konpwomi, ak laperèz pou pèdi. Men, lè BonDye fè yon moun pwospere, Li ajoute lapè, lajwa, ak estabilite espirityèl. Pwosperite divin se yon bagay ki konplè: li touche finans ou, relasyon'w, sante'w, objektif ou, ak enfliyans ou. Abraram, Izarak, ak Jozèf pa't pwospere gras ak sajès lèzòm men gras ak benediksyon alyans BonDye a.

Pwosperite pa sèlman akimilasyon richès; se pouvwa pou akonpli objektif diven san lapenn. BonDye pran plezi nan pwospere pitit Li yo pou yo ka vin tounen kanal pou konstwi Wayòm nan epi temwaye bonte Li. Lè BonDye pwospere'w, menm tanpèt pa ka nwaye benediksyon'w, epi lènmi yo pa ka sabote kwasans ou. Mwen wè gwo pwosperite k'ap koule lakay ou; ou p'ap manke okenn bon bagay nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen resevwa benediksyon ki fè'm rich epi ki pa ajoute okenn tristès. Fè'm pwospere totalman nan lespri, nanm, kò ak resous kòm yon temwayaj vivan de bonte'W nan ane sa a. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Benediksyon Senyè a repoze sou mwen, li fè'm rich, san'l pa ajoute okenn lapenn. Pwosperite mwen pwoteje nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 112:1–3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 200
Neemi 12-13; Ròm 9:16-33



POUVWA SAN LIMIT BONDYE A

Jeremi 32:17 (KJV)
Aa, Senyè, BonDye! Gade! Ou fè syèl la ak latè a avèk gwo pouvwa'w ak fòs ponyèt ou epi pa gen anyen ki twò difisil pou ou.

Ou pa ka eksplike BonDye. Li chita nan sikonferans Li menm, epi pouvwa Li san limit, san restriksyon, epi li pa afekte pa enposibilite sou latè yo. Li pale epi linivè parèt; Li bay lòd epi mòn yo deplase. Bagay ki entimide moun yo san efò pou BonDye. Pouvwa Li defye lojik, ranvèse vèdik, restore desten ki brize yo, epi akonpli sa fòs imèn pa ka fè.

Lè pouvwa BonDye a ap travay, baryè yo kraze epi jouk yo kase. BonDye, ki te lonje men'l nan anyen epi ki te kreye yon bagay yo rele Latè, apre sa Li te di bagay sa a pou'l rete la alòske pa't gen okenn "la" pou rete, epoutan Latè te obeyi.

Frè'm ak sè'm yo, puisans BonDye a pa diminye avèk tan oswa sikonstans; li rete etènèlman konstan. BonDye sèlman mande'w pou'w kwè ke Li se BonDye'w nan Ane Lwil Etranj sa a.

PRIYÈ POU JODIYA

O Senyè BonDye, mwen mete konfyans mwen nan pouvwa san limit ou. Lonje bra puisan Ou sou lavi'm. Kraze tout baryè, brize tout jouk, epi ranvèse tout enposibilite nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pouvwa san limit BonDye a ap travay nan lavi'm. Tout enposibilite koube devan otorite Li. Mwen sou bò gayan an; avèk BonDye mwen viktorye nan Non Jezi ki puisan!

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 1:37

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 201
Estè 1-2; Ròm 10



ÈD KI TOUJOU PREZAN

Sòm 46:1 (NLT)
BonDye se refij nou ak fòs nou, Li toujou pare pou ede'n nan moman difisil yo.

Jezi pa yon obsèvatè ki lwen. Li se yon èd ki toujou prezan, ki ase pre pou'L entèveni nan moman'w rele'l la. Sekou Li pa retade pa distans, anpeche pa sikonstans, oswa limite pa fòs ou. Kit pwoblèm nan emosyonèl, espirityèl, oswa fizik, Jezi kanpe kòm sipò imedya'w. Avèk Jezi, fanmi'w pap kraze, biznis ou pap likide, epi finans ou pap febli.

Jezi mache nan dife avè'w, kanpe bò kote'w nan tanpèt, ak mache devan'w nan vale yo. Èd Li alè, sinatirèl, epi presi. Sa ki akable'w la pa anyen devan pouvwa Li. Lè lavi ap eseye kraze'w, èd Li soutni'w. Lè sikonstans yo sanble enposib, èd Li louvri yon chemen. Jezi pa sèlman yon èd; Li se Moun k'ap ede'w la, fidèl, prezan, epi san fay.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè Jezi, mwen vin jwenn Ou kòm refij ak fòs mwen. Rantre nan chak ka m'ap fè fas emosyonèlman, espirityèlman, ak fizikman. Soutni fanmi'm epi sekirize biznis mwen! Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen p'ap pè, paske Jezi toujou avè'm. Jezi se wòk solid kote'm kanpe a. Mwen p'ap janm echwe nan biznis mwen; lavi'm ap fleri ak bon nouvèl pandan m'ap soti epi m'ap antre! Lwanj pou Senyè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 13:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 202
Estè 3-5; Ròm 11:1-18



BOTE KI TRANSFÒME NOU

Sòm 27:4 (KJV)
Yon sèl bagay mwen bezwen nan men SENYÈ a, e mwen pral chache'l; Se pou'm rete lakay SENYÈ a tout jou lavi'm, pou'm ka wè bote SENYÈ a, pou'm ka admire tanp li a.

Jezi se vrè ekspresyon bote divin nan: pafè nan sentete, reyonan nan glwa, epi san parèy nan ekla. Plis ou gade Li, se plis bote Li transfòme'w. Prezans Li anbeli karaktè'w, pirifye motivasyon'w, epi renouvle idantite'w. Sa mond lan rele bote ap fennen, men bote Jezi a etènèl epi li toujou ap ogmante.

Bote Li transfòme wont an onè, sann an glwa, ak feblès an akonplisman. Lè'w pase tan nan prezans Li, nati Li kòmanse reflete nan lavi'w. Ou vin pi dou, pi fò, pi pwòp, epi pi reyonan. Jezi pa sèlman anbeli lavi ekstèn ou, men Li anbeli moun enteryè'w tou avèk lajwa, lapè, gras, ak favè.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè Jezi, pandan m'ap gade bote'W, transfòme lavi'm. Pirifye motivasyon'm yo, renouvle idantite'm, epi anbeli karaktè'm avèk glwa, gras, lapè ak favè'W. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Bote Jezi a repoze sou mwen. Lavi'm reyone glwa Li, pite Li, ak gras Li nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
2 Korint 3:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 203
Lik 14:1-24; Sòm 77-78



GoodNews DAILY

OTÈ DESTEN NOU AN

Ebre 12:2 (KJV)
Ann fikse je nou sou Jezi, ki te kòmanse lafwa nou epi k'ap pèfeksyone'l. Li menm, poutèt lajwa ki te rezève pou li a, ki te sipòte lanmò sou lakwa a, meprize lawont ki te tonbe sou li a, epi chita adwat twòn BonDye a.

Destine'w te kòmanse avèk Jezi, pa avèk planifikasyon lèzòm. Anvan'w te fòme, Li te kreye objektif ou, Li te desine chemen'w, epi Li te ba'w viktwa yo. Jezi se otè a epi finisè a. Sa Li kòmanse, Li soutni'l, epi sa Li soutni, Li fini'l. Pa gen okenn echèk ki anile plan Li, pa gen okenn reta ki chanje plan Li, epi pa gen okenn lènmi ki ka reekri destine'w.

Lè'w fikse je'w sou Jezi, konfizyon disparèt. Li kondui'w, gide'w, korije'w, ranfòse'w, epi repozisyone'w jiskaske lavi'w koresponn ak sa Syèl la te ekri. Nan Jezi, desten pa ensèten: li garanti, pwoteje, epi li pafè. Se pral yon bèl travay ki fini lè Jezi konplete sa li te kòmanse nan ou nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, Ou se otè epi finisè destine'm. Gide chemen'm, soutni objektif Ou nan mwen, fèmen bouch tout opozisyon, epi pèfeksyone tout sa Ou te òdone pou lavi'm. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

Jezi kreye epi konplete desten'm. Pa gen anyen ki ka anpeche sa li te òdone pou lavi'm! Lwanj pou Senyè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 1:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 204
Estè 6-8; Ròm 11:19-36

ADORASYON KI LOUVRI SYÈL YO

Jan 4:23 (KJV)
Men, lè a vini, e se kounye a, lè vrè adoratè yo pral adore Papa a nan lespri ak nan verite; paske Papa a ap chèche moun konsa pou adore li.

Adorasyon se plis pase yon chanson; se yon atmosfè ki atire entèvansyon divin. Vrè adorasyon louvri syèl la epi envite BonDye manifeste puisans Li. Lè kè'w koube devan Li avèk senserite, BonDye antre nan sitiyasyon'w avèk otorite sinatirèl. Adorasyon aliyen'w avèk kè Li. Li demonte rezistans espirityèl epi li kreye yon wout pou mirak.

Pandan m'ap òganize konferans ak gwo rasanbleman moun, mwen obsève ke gen anpil mirak ak gerizon sinatirèl ki fèt nan yon atmosfè adorasyon. Adorasyon retire distraksyon epi li glorifye BonDye jiskaske defi'w yo vin pi piti an konparezon. Lè adorasyon an monte, Syèl la reponn. Se pou Ane Lwil Etranj sa a ranpli ak adorasyon.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pandan m'ap adore'W nan lespri ak verite, louvri syèl la sou lavi'm. Manifeste pouvwa'W, relache pwogrè, epi kite mirak yo koule nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m'ap adore nan lespri ak nan verite, syèl la ap louvri sou lavi'm, epi BonDye ap entèveni avèk puisans nan sitiyasyon mwen an nan non Jezi. Alelouya.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 22:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 205
Estè 9-10; Ròm 12



BONDYE ANWO TOUT

Sòm 145:3 (KJV)
SENYÈ a Gran, e Li merite tout lwanj. Grandè li se yon bagay moun pa ka konprann.

Grandè BonDye pa gen limit. Lespri moun òdinè pa ka konprann pwofondè sajès Li, wotè puisans Li, oswa lajè glwa Li. Men, ou se yon èt etranj, yon ekstraterès, paske ou gen lespri Kris la! Tout sa Li fè make ak ekselans, kit se nan kreyasyon, delivrans, oswa nan pwovizyon chak jou.

Grandè BonDye a se yon bagay moun pa ka sonde, men Li revele ase bagay sou tèt Li pou ranfòse lafwa'w. Lè lavi a parèt akablan, sonje ke Moun ki kenbe galaksi yo kenbe lavi'w. Sila ki bay loraj puisans li ak zèklè vitès li avèk ou, epi pa gen anyen ki twò gwo pou puisans Li oswa twò piti pou atansyon Li. Grandè Li asire ke pa gen okenn pwomès ki echwe, pa gen okenn batay ki met do'w atè, epi pa gen okenn sezon ki chape anba kontwòl Li. Rejwi, ou pa yon viktim, men yon gayan!

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye ki gen tout pouvwa sou tout bagay la, revele grandè'W nan lavi'm. Simonte tout limitasyon epi akonpli sa ki enposib la. Kite pouvwa'W gouvène chak sitiyasyon nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Grandè BonDye a antoure lavi'm. Pouvwa san limit Li, ap travay pou mwen, epi pa gen anyen ki enposib pou Li nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jeremi 32:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 206
Jòb 1-2; Ròm 13



LWANJ KI METE BONDYE SOU TRÒN NAN

Sòm 22:3 (KJV)
Men, ou se yon sen, ou menm ki abite nan mitan lwanj pèp Izrayèl yo.

Louwanj pa gen rapò ak amizman. Li gen rapò ak mete BonDye sou twòn nan. Lè'w ap louwe BonDye, ou ba Li espas pou'L gouvènen sitiyasyon'w lan. Louwanj chanje atmosfè a, li retire chay lou a, epi li pote prezans BonDye dirèkteman nan sa w'ap fè fas la. Li vire atansyon'w soti nan batay la pou ale sou Sila ki pa janm pèdi a.

Louwanj pa baze sou jan'w santi'w. Li baze sou kiyès BonDye ye. Lè'w leve yon bèl louwanj, zanj yo deplase, epi BonDye manifeste puisans Li. Louwanj envite dominasyon, sajès, ak viktwa Li nan lavi'w. Pa gen okenn anviwònman ki rete menm jan an kote BonDye chita. Se pou Ane Lwil Etranj sa a se yon ane louwanj etranj ki soti nan bouch ou pou Kreyatè'w la, epi gade sitiyasyon yo chanje nan lavi'w!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, pandan m'ap louwe'W, chita nan lavi'm. Kite pouvwa'W revele, kite glwa'W parèt, epi renye sou chak sitiyasyon nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m'ap fè lwanj BonDye, prezans Li ranpli lavi'm. Li chita sou twòn sitiyasyon mwen an, epi viktwa yo manifeste nan lavi'm nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 47:6-7

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 207
Jòb 3-4; Ròm 14



BONDYE ENVENSIB

Egzòd 15:3 (KJV)
SENYÈ a, se yon nonm lagè: SENYÈ a se non li.

Depi letènite pase rive nan letènite k'ap vini, BonDye pa janm pèdi yon batay. Chak konfwontasyon nan Bib la revele sipremasi Li. Li te louvri lanmè pou moun Li chwazi yo te ka travèse epi nwaye lame Farawon an, lènmi yo. Li te kraze miray yo, fè lyon yo fè silans, epi Li te defèt lame san'L pa leve yon epe. Viktwa Li yo absoli.

Dosye envensibilite BonDye a se konfyans ou. Lè Li kanpe pou ou, defèt vin enposib. Batay ki sanble akable'w yo pa anyen devan Sila ki kòmande galaksi yo. Li pa etidye lènmi'w lan; lènmi'w lan tranble lè yo mansyone non Li.

Repoze nan verite sa a: BonDye k'ap goumen pou ou a pa janm konnen defèt. Bib la di pou kite BonDye leve epi pou lènmi Li yo gaye! Nenpòt menas pou destine'w ap tonbe tankou Golyat, frape pa yon lagrèl ekstraterès ki soti nan BonDye, nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, Ou se yon "nonm lagè." Leve pou mwen. Goumen chak batay, fèmen bouch chak lènmi, ranvèse defèt, epi manifeste yon viktwa san rete nan lavi'm, nan non Jezi ki puisan an. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye ki pa janm pèdi a ap goumen pou mwen. Mwen gen Estratej Ekstraòdinè a bò kote'm. Viktwa se pòsyon pa'm, epi defèt enposib pou mwen nan Ane Lwil Etranj sa a!

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 24:8

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 208
Jòb 5-7; Ròm 15:1-13



GENYEN NANM: BAT KÈ BONDYE

Lik 19:10 (KJV)
Paske, Pitit Lòm nan vini pou'l chache epi pou'l sove sa ki te pèdi.

Genyen nanm se batman kè BonDye. Tout misyon Jezi sou Latè te santre sou mennen limanite tounen bay Papa a. Lè nou genyen nanm, nou mete tèt nou an akò ak pi gwo priyorite Syèl la. Chak priyè, mesaj, ak aksyon konpasyon se yon opòtinite pou rale yon moun soti nan fènwa a pou'l vin nan limyè Kris la.

Genyen nanm se pa yon bagay rezève pou kèk moun oubyen pou pastè ak evanjelis sèlman. Se responsablite chak kretyen. Syèl la rejwi pou chak nanm nou genyen. Lè'w temwaye pou Jezi, Syèl la apiye'w, Sentespri ba'w fòs, epi Jezi li menm kanpe avè'w. Pa gen anyen ki pote pi gwo lajwa pou BonDye pase wè pitit li yo sove moun ki pèdi yo.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, limen yon pasyon pou nanm nan mwen. Mèsi paske'w ranfòse temwayaj mwen, gide etap mwen yo, louvri kè yo, epi itilize'm pou sove moun ki pèdi yo chak jou. Kite lavi'm rale moun vin jwenn Kris tout kote'm ale nan non Jezi ki puisan an.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pare e disponib pou sèvi kòm yon moun ki efikas pou genyen nanm epi yon temwen pou Kris ki gen kouraj. Moun yo santi yo atire pa Kris lè'm suiv gidans Sentespri a. Atravè'm, nanm yo sove epi yo mennen nan limyè Kris.

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 15:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 209
Jòb 8-10; Ròm 15:14-33



OGMANTASYON ETRANJ

2 Korint 9:10 (NLT)
Paske BonDye se sila ki bay kiltivatè a semans, epi ki bay pen pou manje. Se menm jan an tou, l'ap founi ak ogmante resous ou yo, epi pwodui nan ou gwo rekòlt avèk jenewozite.

BonDye pa sèlman bay semans, men se Li menm tou ki ap miltipliye yo. Lè'w mete sa'w genyen nan men'L, Li fè'l grandi pi plis pase kapasite natirèl ou. Ogmantasyon Li pa limite pa ekonomi, orijin, oswa kapasite imèn. Menm BonDye ki te miltipliye lwil vèv la toujou kontinye ap ogmante sa pitit li yo soumèt ba Li nan lafwa.

Ogmantasyon se yon reyalite ki baze sou prensip pou moun ki onore BonDye ak resous yo epi fè konfyans nan pwovizyon sinatirèl Li. Semans ou ka sanble piti, men nan men BonDye, li pote grandè. Atann yon ogmantasyon etranj pou touche finans ou, lide'w yo, opòtinite'w, enfliyans ou, ak enpak ou. Ogmantasyon pa aksidantèl; se yon konvèjans ant sinatirèl ak natirèl pou pwodui rekòt ou espere nan Ane Lwil Etranj sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen mete semans mwen nan men'w. Soufle sou li epi miltipliye li pi lwen pase limit natirèl yo. Amèn!

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye miltipliye semans mwen, elaji kapasite'm, epi koze ogmantasyon sinatirèl koule nan tout aspè nan lavi'm nan non Jezi. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 6:38

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 210
Lik 14:25-35; Sòm 79-80



GLWA RETABLI

Aje 2:9 (KJV)
Glwa dènye kay sa a pral pi bèl pase ansyen an, se sa Senyè tout lespri yo di; epi se la m'ap bay lapè, se mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa.

Batay lavi yo pafwa vòlè konfyans, pasyon, ak opòtinite yo. Sepandan, BonDye se yon restoratè glwa. Li pa sèlman retounen sa ki te pèdi. Okontrè, Li miltipliye'l epi fè dènye a pi gran pase ansyen an. Izrayèl te kriye pou glwa tanp Salomon an ki te pèdi, men BonDye te pwomèt yon nouvo tanp avèk plis glwa. Se konsa BonDye fonksyone: desepsyon pase yo pa defini sezon kap vini yo.

Pi bon jou'w yo pa janm dèyè lè BonDye enplike. Li retabli diyite, enfliyans, fòs, vizyon, ak difè espirityèl. Menm si sezon anvan'w la te make ak wont oswa reta, pwochen sezon an pote plis glwa. Atann pwomosyon divin, amelyorasyon sinatirèl, ak nouvo onè nan Ane Lwil Etranj sa a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, restore glwa'm. Kite nouvo bagay Ou ap fè nan lavi'm yo parèt pou tout moun ka wè bèl laglwa Ou k'ap manifeste. Rezoud tout deba epi fini ak tout agiman pou lènmi'm yo ka anbarase, nan non Jezi ki puisan.

DEKLARASYON PWOFETIK

Dènye glwa'm nan ap pi gran pase ansyen'm nan. BonDye ap restore tout sa'm pèdi epi miltipliye'l nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jowèl 2:25–26

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 211
Jòb 11-13; Ròm 16



POUVWA LAPRIYÈ KONSTAN

Lik 18:1 (KJV)
Epi li rakonte yo yon parabòl pou'l montre yo nesesite ke moun dwe toujou priye san yo pa dekouraje.

Lapriyè se souf Kretyen an epi li se motè viktwa espirityèl la. Chak fwa ou priye, ou envite gouvènman Syèl la nan zafè Latè. Lapriyè pèsistan kraze rezistans espirityèl, demonte baryè envizib, epi louvri chemen pou sa BonDye deja òdone pou lavi'w. Jezi te anseye ke feblès kòmanse kote lapriyè fini. Se poutèt sa, konsistans nan lapriyè pa opsyonèl; li esansyèl.

Lè'w kiltive yon lavi nan kominyon fiks avèk BonDye, atmosfè ki antoure lavi'w vin satire ak puisans Li. Reta yo koube devan lapriyè pèsistan, epi fòtrès yo tonbe anba presyon espirityèl kontinyèl. BonDye pa brannen pa panik, men pa yon lafwa pèsistan ki eksprime nan lapriyè. Fè lapriyè tounen fòm lavi chak jou'w, pa yon repons ijans nan Ane Lwil Etranj sa a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen kanpe devan twòn gras Ou a pou'm ka jwenn plis fòs ak plis konsistans. Pa mwayen Lespri'w, m'ap priye jiskaske'm gen mirak mwen an. Apèl mwen an ap rive nan yon dimansyon etranj pandan m'ap priye san rete nan Ane Lwil Etranj sa a!

DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan'm angaje'm pou'm priye regilyèman, chak sitiyasyon k'ap fè tèt di nan lavi'm ap rann tèt yo bay pouvwa BonDye nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Tesalonik 5:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 212
Jòb 14-16; 1 Korint 1



CHANJMAN KI SOTI ANNDAN

Ròm 8:10
Si Kris nan ou, kò a mouri akòz peche; men Lespri ap viv akòz jistis.

Anpil Kretyen panse ke vin yon moun nouvo nan Kris vle di ou dwe netwaye tèt ou nèt, fè anpil efò pou'w fè BonDye plezi, epi pa fè erè menm menm. Mantalite sa a kite anpil moun fristre nan mach avèk Senyè a paske se pa laverite. Verite a sè ke Senyè a pa rele pou nou reyisi bati nouvo lavi a ak pwòp fòs nou. Se Sentespri k'ap fè travay sa nan nou.

Vèsè jodiya fè'w sonje ke Kris ap viv nan ou, epi se Lespri li k'ap transfòme lavi'w soti anndan pou rive deyò. Donk, sispann eseye fòse chanjman poukont ou. Okontrè, kite Sentespri a pwovoke chanjman ki soti anndan sa. Kèlkeswa jan'w panse li pral difisil pou ou chanje, kite BonDye fè travay etranj sa.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa cheri, mèsi paske'w chanje'm soti anndan pou rive deyò. Gras ak Lespri ou mwen chanje epi'm beni nan non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen p'ap janm santi'm fristre nan vi kretyèn mwen. Kris nan mwen fè'm endestriktib, fò, epi mwen reyisi nan tout sa m'ap fè jodiya!

ETID KONPLEMANTÈ
Galasi 2:20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 213
Jòb 17-19; 1 Korint 2



GoodNews DAILY

SAJÈS PI BON PASE PYÈ PRESYEZ

Pwovèb 8:11 (KJV)
Sajès pi bon pase piye ribi, epi tout sa yon moun ta ka anvi pa ka konpare avè'l.

Mwen te rankontre anpil gason ak fi entelijan nan ane ministè mwen yo. Genyen ki gen doktora nan sijè konplèks, e gen lòt ki gen rekonesans akòz kapasite sèvo pwisan yo. Epoutan, avèk tout entèlijans sa yo, Bib la anseye ke sajès pi bon. Poukisa sa konsa? Paske sajès se yon revelasyon, li se yon konesans sou reyalite divin yo.

Lè'w mache nan sajès, ou pa janm ka twonpe pa sistèm mond lan; moun ki konte sou entèlijans mond lan pap janm ka depase'w. Nan Ane Lwil Etranj sa a, konprann ke Kris se sajès ou dapre 1 Korint 1:30. Sa vle di ou pa fonksyone tankou moun nòmal; ou gen yon orijin sinatirèl epi'w pi siperyè pase moun ki nan mond lan. Fonksyone konsa depi kounye a!

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, paske ou ban'm sajès divin epi'w ranpli'm ak konpreyansyon espirityèl. Poutèt sa, m'ap mache nan yon viktwa san fen nan non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Ame ak sajès, mwen wè sa lòt moun pa wè. Richès kache se pou mwen, epi konesans sou sante divin se pou mwen. Mwen pap manke anyen ni tou mwen pap echwe nan anyen. Lwanj pou BonDye!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 2:7-8

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 214
Jòb 20-21; 1 Korint 3



FOKIS SOU ADORASYON

Jan 4:24 (KJV)
BonDye se yon Lespri: epi moun kap adore li yo dwe adore l nan lespri ak nan verite.

Lè kèk Kretyen tande mo adorasyon an, premye bagay ki vin nan tèt yo se mizik kretyen ki dousman. Adorasyon se plis pase sa. Kite'm montre'w definisyon an.

Adorasyon se rekonesans ak apresiyasyon bonte, benediksyon, jantiyès ak jistis BonDye. Lè w'ap adore, ou pale de karaktè Li. Pa egzanp, lè'w di: "Senyè, ou bon; ou janti," elatriye, w'ap defini, rekonèt epi apresye karaktè BonDye.

BonDye renmen lè'w adore'L konsa paske sa montre kiyès Li ye nan lavi'w; fason sa a separe'L de tout moun ak tout lòt bagay. Anplis de sa, adorasyon pote yon pi gwo revelasyon BonDye nan lavi nou. Nan kalite kominyon sa a, Li revele'L a ou menm. Li revele avni'w tou, lavi'w, ak anpil lòt bagay ankò. Vrè adoratè yo pa janm manke direksyon. Bay plis atansyon nan sa, epi lap chanje lavi'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Chè Senyè, mwen rekonèt epi mwen apresye fidelite ou, mizerikòd ou, lanmou ou, ak gras ou k'ap travay nan mwen. Mwen remèsye'w paske ou ban mwen yon kè ki ranpli ak adorasyon nan non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Ane sa a, m'ap kontinye benefisye temwayaj etranj e ekstraòdinè akoz jan kè'm ranpli avèk adorasyon pou ou. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 3:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 215
Jòb 22-24; 1 Korint 4



LWIL ETRANJ LAN DEBÒDE NÈT

Ezayi 28:21 (NIV)
SENYÈ a pral leve jan li te fè sou Mòn Perazim, li pral leve tèt li tankou nan Vale Gabawon an—pou'l fè travay li, travay etranj li, epi pou'l akonpli travay li, travay etranj li.

Si'm mande moun èske yo kwè ke BonDye te kreye linivè a oswa si li te resisite Jezi soti nan lanmò, pifò ap dakò san okenn dout. Men, pou kèk rezon mwen pa konnen, lè nou pale de pouvwa reyèl poul travay nan pwòp lavi nou, anpil moun souvan doute de sa.

Ebre 13:8 di, "Jezikri se menm moun li te ye yè, jodiya, ak pou tout tan." BonDye mirak etranj yo pa chanje. Li toujou BonDye ki kenbe fondasyon tè a, ki bay lòd pou maten an, epi ki mete chak zetwal nan syèl la lannwit. Li toujou BonDye ki te fann Lanmè Wouj la, ki te kanpe solèy la nan aks li, epi ki te bay avèg yo limyè. Chak travay etranj Li te fè lè sa a, Li toujou ap fè'l kounye a. Raple tèt ou bagay sa yo chak jou epi w'ap ka eksperimante yon debòdman lwil etranj ane sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Papa mwen, paske'w toujou ap travay an kachèt pou mwen pou fè travay etranj. Mwen vrèman rekonesan nan non Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Akoz lwil etranj ki sou tèt mwen an, mwen deklare ke chak mirak ki dwe akonpli nan lavi'm yo manifeste kounye a san pèdi tan! Nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Jeremi 32:27

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 216
Jòb 25-27; 1 Korint 5



MWEN KA FÈ'L!

Lik 9:16-17 (KJV)
Apre sa, Li pran senk pen ak de pwason yo, li leve je'l nan syèl la, li beni yo, li kase yo an moso, li bay disip yo pou yo pote bay foul moun yo. Yo tout te manje vant deboutonnen. Epi disip yo ranpli douz panye ak rès moso yo.

Sa a se youn nan pasaj ki pi puisan nan Bib la ki montre sa BonDye ka fè ak yon ti kras bagay. Konbyen moun k'ap li pawòl sa kounye a ki santi yo pa alawotè, san espwa, oswa k'ap fè fas ak yon gwo pwoblèm jeyan ki sanble tèlman entimidan? Solisyon an se gade sa'w genyen selon vizyon Senyè a. Li te gade senk pen ak de pwason yo, epi Li te wè ase manje pou nouri plizyè milye moun.

Pandan w'ap fè fas ak jounen an, pa limite BonDye. Li espesyalize nan fè tach etranj kèlkeswa fòm oswa gwosè yo. Non sèlman ou pral simonte yo, w'ap pwospere, epi miltipliye, e menm ou pral gen benediksyon ki rete tou pou pataje ak lòt moun! Kriye byen fò, 'Mwen ka fè'l!'

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye mwen renmen anpil, mwen pote tout sa'm ye ba ou pou'w itilize. Kèlkeswa sa'm rankontre, mwen konnen m'ap reyisi paske'm genyen'w nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Gras a Kris, mwen ka fè menm sa ki enposib. Mwen ka rate dejene, manje midi, oswa soupe, men mwen pa janm ka rate kapasite lwil etranj mwen yo. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 4:13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 217
Jòb 28-29; 1 Korint 6



GoodNews DAILY

TEMWEN PAFÈ A

Travay 1:8 (NIV)
Nou va resevwa puisans lè Sentespri a desann sou nou; epi nou va sèvi'm temwen ... jis nan dènye bout tè a.

Kalite pawòl BonDye tankou pawòl sa a se yon bèl rapèl de jan Papa nou ki nan syèl la renmen nou.

Lè Jezi te retounen al jwenn Papa a, Li pa't kite pèp la san pouvwa—Li te kite yo ak yon pwomès solid. Sa te plis pase yon misyon; se te yon apèl nan yon objektif sinatirèl. Menm Lespri ki te onksyone Jezi pou pote bon nouvèl bay pòv yo, pou panse moun ki gen kè kase yo ak pou libere prizonye yo ap viv nan nou kounye a. Sa vle di nou pa sèlman pote bon nouvèl li; nou pote prezans li tou.

Lè nou konnen sa, li difisil pou nou kenbe pawòl la pou tèt nou! Kite chak konvèsasyon nan travay, nan klas tounen yon opòtinite pou Syèl la touche Latè atravè lavi'w. Nou pa sèlman espektatè nan Wayòm nan; nou se moun k'ap pote'l, k'ap gaye'l tout fason nou jwenn. Nou dwe yon temwen pou li jodiya.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen di'w mèsi anvan tout bagay paske'w renmen'm anpil. Mèsi paske'w ban'm Sentespri'w k'ap ede'm vin yon temwen pafè pou mete pwojektè mond lan sou ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lavi'm se temwen pafè Kris. Pandan m'ap viv la, mwen se yon Bib byolojik k'ap mache, k'ap pale, e k'ap atire anpil moun pou vin jwenn Kris!

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 10:13-14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 218
Lik 15:1-10; Sòm 81-83



GoodNews DAILY

KI VIZYON'W ?

Pwovèb 29:18 (KJV)
Kote ki pa gen vizyon, pèp la peri...

Mwen sèten ou remake kijan pafwa lakay nou, nou gen yon chanm ki pa gen okenn vrè objektif. Chanm sa a vin tounen yon chanm envite, oswa yon depo, oswa yon salon kwafè, oswa yon gadmanje, oswa yon depo fatra. Se konsa lavi yon moun ka vini si'l pa gen yon objektif byen defini. Li fasil pou ranpli lavi'w ak tout kalite bagay ki pa gen sans, ki mennen nan destriksyon. Vizyon se rekonèt sa ki bezwen chanje, deklare sa ki ka chanje, sa ki pral chanje, epi ede dirije tèt ou nan sans sa. Vizyon se tankou pon ant kote'w ye a ak kote'w bezwen ale a.

Mwen te oblije gen yon vizyon pou Spirit Embassy lè pa't gen okenn siy fizik ki te montre li t'ap sa li ye a, epi nou la jodiya kòm rezilta. Ki vizyon pou lavi'w? Ekri'l epi swiv li entansyonèlman.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, ede'm viv yon lavi ki gen vizyon ak objektif ke Lespri'w ap gide. Kondwi'm pou'm evite yon lavi ki plen distraksyon epi pou'm viv nan misyon Wayòm ou an nan non Jezi, Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pap manke direksyon ni objektif nan lavi'm. Chak pa mwen fè se BonDye ki òdone'm epi li mennen'm nan temwayaj etranj ak eksplozif nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Abakouk 2:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 219
Jòb 30-31; 1 Korint 7:1-19



PI BON ZOUTI KONPA A

Sòm 119:105 (KJV)
Pawòl ou se yon lanp pou klere pye'm, yon limyè pou klere chemen'm

Eksperyans yo montre ke yon moun ka mache sou liy dwat pa plis ke sou 100 mèt san limyè oswa yon pwen referans. Apre mak 100 mèt la, ou kòmanse devye epi mache an won.

Men leson nan ekriti jodiya: lè'w vle konnen objektif BonDye ak direksyon li pou lavi'w, etidye Pawòl BonDye a. Pawòl la se limyè, se konpa'w; si'w swiv li, ou pap janm pèdi chemen'w. Ou pral ale byen lwen pase chak limitasyon "100 mèt" dyab la mete sou chemen'w.

Lè'w rete nan Pawòl la, je espirityèl ou yo ouvè pou sa'w ta dwe wè. Ou pral konnen kisa pou'w fè ak di nan nenpòt sal reyinyon oswa tribinal. Antre nan Pawòl la, epi'w p'ap janm di nenpòt bagay sou sa rès jounen'w rezève. Ou pap pran pa sipriz jodiya.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, mèsi pou kado Pawòl ou, ki sèvi kòm yon lanp pou gide pa'm yo. Mwen met tout konfyans mwen nan gidans ou epi'm swiv Pawòl ou a avèk dilijans nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Depi jodiya, je'm byen fikse sou Pawòl BonDye a ki se konpa final mwen. Kounye a, m'ap trase wout mwen ak buldozè pou'm rive nan gwo pwogrè ak siksè san fen mwen an!

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 3:5

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 220
Jòb 32-33; 1 Korint 7:20-40



PAWÒL KI GERI

Matye 12:37 (NLT)
Pawòl ou di yo ap swa libere'w, swa kondane'w.

Pawòl se fòs ki pi puisan sou Latè. Bliye popilarite, richès, oswa trezò inonbrab: pawòl se fòs ki pi puisan yo. Lagè te kòmanse akoz pawòl. Fanmi kraze; anpil moun mouri, nasyon antye ap benyen nan povrete akoz pawòl.

BonDye te fè tout bagay ak pawòl epi li soutni tout bagay ak pawòl. Pawòl detèmine tou kote w'ap viv pou letènite. Avèk tout bagay sa yo nan tèt ou, kisa'w te fè ak pawòl? Ki jan'w pral itilize pawòl jodiya?

Youn nan bagay ou dwe pratike se pale ak kò'w—itilize pawòl ou yo pou kenbe kò'w an sante ak pèfeksyon. Deklare regilyèman ke'w fò epi'w an sante pafè. Pale ak kò'w, epi li pral tande'w. Li pa enpòtan sa doktè a te di; itilize pawòl pou rebondi an sante. Kò moun tankou yon bèt ki bezwen antrene. Ensiste sou sa'w vle kò'w fè, epi li pral kòmanse sede devan pawòl ou yo.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Papa, pou souf lavi'w k'ap bat nan mwen. M'ap mache nan sante ak vitalite divin paske'w nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen libere kò'm anba tout malediksyon enfimite epi'm restore tout ògàn nan kò'm ki te sou lotèl mechan! Mwen pa gen okenn maladi nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 18:21

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 221
Jòb 34-35; 1 Korint 8



GoodNews DAILY

DISTRIBITÈ GRAS

1 Piè 1:1-2 (KJV)
Pyè, yon apot Jezikri, ... chwazi dapre presyans BonDye Papa a... Ke Gras ak lapè BonDye miltipliye nan lavi'w.

Yon bagay w'ap toujou jwenn nan lèt Pòl yo, nan lèt Pyè yo, ak nan lèt Jan yo tou, se konsyans yo genyen de gras ak lapè BonDye. Yo te konprann enpòtans ak puisans gras ak lapè nan lavi pèp BonDye a. Nan vèsè jodiya, Pyè fè yon pa pi lwen pou montre'n yon bagay remakab. Nan kòmansman lèt li a, li te di, "... anpil Gras ak lapè pou nou." Kidonk, gras ak lapè ka miltipliye, men kijan?

Nan kòmansman dezyèm lèt li a, li presize repons lan: se atravè konesans BonDye ak Jezi, Senyè nou an. Gras miltipliye vle di pi gwo ekselans, pi gwo pèfòmans, favè ak pwosperite nan lavi'w, epi sa ka sèlman rive si'w ogmante yon vrè entimite ak BonDye. Non sèlman w'ap benefisye, men ou menm tou, ou vin tounen yon distribitè gras lè'w bay lòt moun gras

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Papa mwen, pou miltiplikasyon gras ak lapè ou fè disponib pou mwen atravè Pawòl ou a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m'ap grandi nan gras ak lapè epi m'ap patisipe nan kwasans Wayòm Papa'm nan, klima espirityèl mwen an ap voye laterè nan kan lènmi an. Glwa!

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 1:7

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 222
Jòb 36-37; 1 Korint 9



GoodNews DAILY

JIS PADONE

Kolòs 3:13 (KJV)
Se pou nou youn sipòte lòt, epi padone youn lòt, si yon moun gen kont ak yon lòt. Menm jan Kris la te padone nou, nou dwe fè menm jan an : padone.

Malerezman, bagay ki pi difisil pou kèk Kretyen fè se padone. Moun ki Kretyen, ki pale an lang, ki fidèl, ki li Bib, menm pastè, kenbe rankin pandan plizyè dizèn ane. Men, pa gen okenn egzanp kote Bib la ankouraje'w pou'w kenbe rankin oswa pou'w pa padone pou nenpòt ki rezon.

Nan vèsè jodiya, Pòl dekri espesyalman kijan pou'w reyaji ak moun ki desevwa'w oswa ki fè'w fache. E piske lavi a plen ak desepsyon, li enpòtan pou'w konprann egzakteman sa Pòl te vle di lè'l te ekri pawòl sa yo. Si BonDye te aji tankou kèk moun, pou'L te chwazi pa padone, ki kote'w t'ap ye? Avèk tout mal ou te fè ke BonDye te oblije padone, poukisa'w pa ka ofri menm favè padon sa a ak lòt moun? Sa pa sanble Kris. Ou pa bezwen rezone; JIS PADONE!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, fè'm konnen jan'm ka abandone bagay mal yo fè kont mwen. Netwaye kè'm avèk Lespri'w pou retire tout sa'm te genyen kont nenpòt moun nan kè'm. Mèsi paske'w padone'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen p'ap janm kenbe mechanste. Kounye a, mwen padone tout moun ki te fè'm mal nan tan lontan, prezan, ak nan lavni!

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 6:14-15; Efèz 4:32

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 223
Jòb 38-40; 1 Korint 10:1-17



GoodNews DAILY

GWO TÈS LA

Lik 16:11 (KJV)
Si nou pa't fidèl nan richès ilejitim yo, ki moun ki va konfye nou vrè richès yo?

Fason nou jere epi respekte finans nou, se yon tès BonDye itilize pou evalye si'n pare pou pi gwo nivo nan lavi. Li gade kijan'n jere lajan nou, e sa ede'L detèmine si'n pare pou pwochen nivo a. Èske'w ka imajine sa?

Lè'w koute Lespri BonDye epi'w metrize tèt ou, ou ka pi fasil viv yon lavi san dèt pase jan kèk moun ap viv kounye a. Si abitid depans ou yo tèlman move ke'w pa bay dim epi'w pa ka bay pou lòt travay ke Sentespri pouse'w sipòte, ou echwe youn nan tès BonDye itilize pou detèmine si'w pare pou pi gwo nivo nan lavi. Lajan'w se gwo tès la! Se pou nou bon jeran epi se pou nou antre nan pi gwo nivo nan Ane Lwil Etranj sa a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, anseye'm sajès ak kontwòl nan zafè finansye, pou'w ka konsidere'm kòm yon moun ou ka fè konfyans ak vrè richès Wayòm ou an nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Ane sa a, m'ap ogmante finansyèman paske'm se yon jeran BonDye ka fè konfyans. Dèt yo anile, lavant yo monte an flèch, lajan ap vini nan fason etranj nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 3:9-10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 224
Jòb 41-42; 1 Korint 10:18-33



ABANDON TOTAL

Ròm 12:1 (KJV)
Se poutèt sa, frè'm yo, nan mizèrikòd BonDye, m'ap sipliye nou pou nou prezante kò nou kòm yon sakrifis vivan, sen, ki fè BonDye plezi, yon sèvis rezonab pou nou.

Pòl itilize yon langaj etranj nan premye vèsè nou an paske nan tan Nouvo Testaman an, pa't gen yon bagay ki rele sakrifis vivan tankou jan yo te konn fè sakrifis bèt. Lè yo te touye yon bèt sou yon lotèl, aksyon an te final: li te mouri. Men, BonDye mande nou pou nou prezante kò nou kòm sakrifis vivan. Sa vle di L'ap chèche moun ki dwe soumèt nèt ba li, ki dwe dedye nèt a objektif li, epi ki dwe viv antyèman pou li.

Se pa yon sekrè ke dezi lachè nou yo souvan an kontradiksyon dirèk ak plan BonDye genyen pou lavi nou. L'ap goumen jan'l kapab pou nou fè sa'l vle a chak fwa. Men, sonje kiyès ou ye, yon sakrifis vivan ke BonDye ap kapab itilize sèlman si'w prezante tèt ou konsa.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen repanti pou jan'm te kite lespri lachè a mennen'm. Mwen jije sa kòm rebelyon, epi'm refize ba li plas nan lavi'm depi jodiya!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen paralize tout depo satanik ki te antre nan lavi'm akòz lachè ak move dezi. Depi jodiya, se Lespri BonDye sèlman kap gide'm!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 6:19-20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 225
Lik 15:11-32; Sòm 84-86



DISPOZE'W TOUSWIT'

Mak 6:45-46
Epi touswit li fòse disip li yo monte nan kannòt la... Lè li fin voye yo ale, li pati al sou yon mòn pou l priye.

Mo "touswit" nan vèsè nou an se mo grèk euthéōs, ki vle di fè yon bagay san okenn reta oswa sikonstans ki vin kontrarye'l. Mo sa a pale de moman ak detèminasyon Jezi. Repons li apre yon gwo viktwa pou nouri senk mil moun se te mete'l apa imedyatman yon kote Li te kab priye san distraksyon.

Pase tan sèl ak BonDye pa ta dwe yon defi pou moun ki pretann yo se Kretyen. Senyè Jezikri te sèlman gen twa zan pou'l akonpli misyon Li, misyon ki pi gwo ak pi okipe sou tè a. Men, ak tout bagay sa yo sou zepòl Li, Li te regilyèman pran tan pou'l priye san distraksyon. Ki sa ki anpeche'w pase tan poukont ou ak BonDye? Èske sa vo lapenn? Repons lan ap toujou non. Dispoze tan pou sa ki etènèl.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, avèk gidans ak sipèvizyon Sentespri'w la, anseye'm kijan pou'm òganize jou'm yo yon fason pou'w toujou nan premye plas.

DEKLARASYON PWOFETIK

Apati jodiya, m'ap pase tan chak jou nan prezans Papa a. Pa gen okenn distraksyon k'ap anpeche'm jwenn rafrechisman ak renouvèlman nan men Papa'm nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 6:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 226
Pwovèb 1-2; 1 Korint 11:1-16



TOUT SA LI TE KÒMANSE, L'AP KONPLETE LI

Filip 1:6 (KJV)
Nou gen asirans nan sa, ke moun ki te kòmanse bon travay la nan nou an ap kontinye'l jouktan jou Jezikri a rive.

Fè atansyon ak mo "asirans" nan vèsè jodiya. Mo grèk orijinal la se peíthō, ki vle di asire'w, sèten, gen yon konviksyon absoli. Lè Apot Pòl te ekri lèt sa a, li t'ap pale de yon BonDye li te konnen. Li te wè Li retire'l nan tout kalite defi.

BonDye te ban nou Ane sa a kòm Ane Lwil Etranj. Ki nivo konfyans ou genyen ke sa Li te kòmanse ane sa a L'ap konplete'l? Si'w vle, Sentespri ka akonpli nenpòt bagay nan ou. Egzijans lan se pou'w gen anpil lafwa nan Li, ke'w absoliman sèten epi'w gen konfyans ke'w pral temwaye sou akonplisman chak bon travay Li te kòmanse nan ou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, nan Ane Lwil Etranj sa a, mwen sèten nèt ke w'ap fè yon travay pafè nan mwen jiska jou Jezikri a rive, epi'm trè rekonesan pou sa!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen declare deplasman sou tout lespri twonpè ki kanpe nan chemen konfyans mwen nan Senyè a. Chak benediksyon'm resevwa ap akonpli nèt ale nan Non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Tesalonik 5:24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 227
Pwovèb 3-5; 1 Korint 11:1-16



JETE TOUT FATRA!

Filip 3:8 MSG
...Tout sa m te panse m te genyen pou mwen pa gen enpòtans—poupou chen. Mwen jete tout bagay nan fatra pou m ka anbrase Kris la.

Èske'w déjà rankontre moun ki pa ka debarase yo de vye bagay? Machin wouye plen sourit pouri nan lakou yo, alòske andedan kay la plen ak dezòd —pil aparèy elektwonik kraze, machin demode anpile kont mi kouvri ak pousyè, ak valiz ki chaje ak rad mwazi, plen ensèk. Yon imaj vrèman twoublan, pa vre?

Lavi espirityèl kèk moun se egzakteman konsa. Olye pou yo fè fas ak pwoblèm yo epi kenbe lavi yo pwòp e klè, fatra espirityèl la kontinye ap akimile. Pil moun ki pa padone, amètim, jalouzi ak lòt fòm fatra espirityèl— tout tounen yon gwo dezòd! Kisa w'ap kenbe jodiya? Tout sa ki se fatra! N'ap jete tout nan poubèl, n'ap netwaye, epi n'ap kontinye avanse!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, avèk gidans Sentespri'w la, ede'm rekonèt lè'm vle kenbe bagay k'ap fè'm pèdi chemen'm. Mwen pap janm kenbe okenn negativite nan non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya, mwen kòmanse pwosesis netwayaj la pou'm debarase'm de tout dezòd mwen te kenbe nan lavi'm. Mwen pral fonksyone lib e libè pandan BonDye ap itilize'm nan Ane Lwil Etranj sa a!

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 3:13-14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 228
Pwovèb 6-7; 1 Korint 11:17-34



REKONESANS

1 Tesalonik 5:18
Remèsye BonDye pou tout bagay, paske se volonte BonDye nan Jezikri pou nou.

Jodiya, pandan w'ap li mesaj sa a, ou ka pa satisfè ak kote lavi'w ye kounye a. Konpayi plizyè milyon dola sa a ou panse'w te dwe genyen kounye a, chato sa a ou panse'w te dwe bati a, tout bagay sa yo toujou ap flote nan imajinasyon'w. Sepandan, ou pwobableman pral admèt ke bagay yo pa si mal ke yo te ka ye! An verite, gen pou anpil bagay nou bezwen rekonesan!

Ou te reyisi reveye epi ale legliz jodiya; gen kèk ki pa't reveye ditou. Ou ka poko gen plizyè milyon dola, men mèsi BonDye ou gen yon travay. Ou ka poko gen pitit, men mèsi BonDye ou gen yon patnè. Ou wè gen anpil bagay ou ka rekonesan pou yo si'w pran yon ti tan pou chèche!

Jodiya, lè nenpòt moun mande'w kijan'w ye, jis reponn, "MWEN REKONESAN!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, lè m'ap reflechi kantite wout ou travèse ak mwen, ak pozisyon lapè ak repo kote'w mennen'm, mwen ka sèlman di MÈSI!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deklare ke'm p'ap janm neglije remèsye Senyè a. Mwen soti nan esklavaj pou'm vin nan libète nan tout aspè nan lavi'm paske rekonesans mwen anvè Senyè a ap ban'm altitid!

ETID KONPLEMANTÈ
Efèz 5:20; Kolòs 3:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 229
Pwovèb 8-9; 1 Korint 12



GoodNews DAILY

ANSEYE TIMOUN YO

Detewonòm 11:18-19 (MSG)
Mete pawòl sa yo nan kè nou. Mete yo byen fon nan kè nou. ... Anseye yo ak pitit nou yo. Pale de yo kèlkeswa kote nou ye a, lè nou chita lakay nou oswa lè nap mache nan lari; pale de yo depi lè nou leve nan maten rive lè nou kouche nan mitan lannwit.

Paran yo responsab pou anseye pitit yo kijan pou yo viv pou BonDye epi pou yo gen yon konesans pratik sou Pawòl Li a. Vèsè jodiya raple paran yo ak gadyen yo pou yo pwofite tout opòtinite pou fè sa. Gen kèk paran ki panse bay pitit yo sa yo bezwen materyèlman se pi gwo responsablite yo. Non, se pa sa! Pi gwo responsablite'w kòm paran se transmèt ansèyman ak valè Pawòl BonDye a.

Li ka pa nan yon etid biblik chak jou, men toujou pran abitid raple yo bonte BonDye nan lavi nou. Montre yo kreyasyon lè yo pral lekòl. Lè n'ap manje, apresye BonDye ki pran swen nou an. BonDye toupatou; fè timoun yo familyarize yo avèk Li.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, anseye'm kijan pou'm fè aplikasyon pratik Pawòl sa a chak jou pou pitit mwen yo grandi nan konesans ak Pratik pawòl ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pitit mwen yo ap grandi pi fò nan Pawòl la chak jou. Mwen egzèse manda pou'm libere yo anba tout esklavaj ak enfliyans negatif ki afekte kwasans yo nan Non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 22:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 230
Pwovèb 10-12; 1 Korint 14:1-19



GoodNews DAILY

ANN ANTANN NOU

Matye 18:19
Si de nan nou mete nou dakò sou latè pou mande nenpòt bagay, Papa m ki nan syèl la va fè l pou nou.

Anpil Kretyen pa reyalize gwo pouvwa ki egziste nan yon senp mo akò. Mo grèk pou "dakò" nan vèsè tèm nou an se mo sumphōnéō. Se la mo senfoni an soti. Li vle di fè yon negosyasyon, oubyen rive nan yon akò.

Yon òkès senfoni konbine anpil enstriman diferan pou pwodui yon chedèv mizikal. Lè'w koute bèl melanj enstriman sa yo, w'ap apresye poukisa yon sèl enstriman pa ta janm ka fè travay la. Pèsonn pa ta dwe kanpe tankou yon zile poukont li. Ou sipoze kenbe men ak lòt moun epi dakò sou bagay yo, pa sèlman nan pwòp lavi'w, men tou sou bagay ki touche latè. Mete'w dakò ak yon moun nan lapriyè jodiya sou sistèm edikasyon an, nasyon yo, legliz ou, fanmi'w, elatriye, epi se konsa sa ap fèt.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou Pawòl ou ki dikte ke kote inite a domine, onksyon prezans ou satire epi kòmande benediksyon pou manifeste nan mitan nou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pwofetize ke chak fwa mwen kenbe men vityèl ak frè ak sè atravè mond lan nan lapriyè, sa nou dekrete kòm yon sèl moun yo ap rive nan Non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Jan 5:14-15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 231
Pwovèb 13-15; 1 Korint 14:20-40



CHWAZI YON PÒT

Revelasyon 2:5 (KJV)
Sonje kote ou tonbe a, epi repanti...

Mo repanti nan tradiksyon grèk la se mo metanoéō. Li vle di pran yon desizyon, chanje nèt, oubyen chanje nèt fason yon moun panse, kwè, oubyen viv. Mo repanti a bay imaj yon moun ki chanje nèt. Gade Legliz Efèz la pa egzanp.

Revelasyon 2:5 di nou ke Senyè Jezi te gen yon konfwontasyon dirèk ak Efezyen yo lè Li te di yo ke yo te kite relasyon yo avè'l febli. Kongregasyon sa a te konsidere yon lè kòm legliz modèl la, yon egzanp pou lòt legliz yo kopye. Malgre sa, Jezi te di manm li yo ak lidèchip li yo te "tonbe"; tout te disparèt. Èske menm bagay la vrè pou ou jodiya? Èske dife'w te genyen pou BonDye a ap boule pi rèd, oubyen èske se lafimen sèlman ki rete? Si se wi, sonje kote'w te tonbe a, repanti, epi relanse dife'w te genyen pou BonDye a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'w te pale avè'm sou nesesite pou'm repanti. Apati jodiya, mwen chanje fason'm te konn panse ak viv.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pwofetize ke tout bagay chanje nan lavi'm apati kounye a. Mwen kiltive yon kominyon ki gen sans pandan Sentespri ap mete dife nan mwen pou BonDye nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Travay 3:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 232
Lik 16:1-15; Sòm 87-88



SE YON PRIYORITE

Lik 15:7 (KJV)
...Va gen plis lajwa nan syèl la pou yon sèl pechè ki repanti, pase pou katreven dis nèf moun jis ki pa bezwen repantans.

Lè'w vrèman konprann valè yon nanm, evanjelizasyon vin plis pase yon depatman nan legliz la; li vin misyon nimewo en an. Lefèt ke toujou gen anpil moun ki pa konnen BonDye ta dwe ap manje'w anndan pandan w'ap kriye epi priye pou delivrans yo. Lanmou pouse'w pou'w pale san wont ak tout moun ki gen zòrèy pou tande pale de Li.

Ou wè, dyab la vle moun yo distrè pa moun ki gen renome, richès ak plezi pou yo bliye letènite. Men, antanke anbasadè Kris, devwa'w se ede yo wè verite a. Kòmanse wè chak nanm kòm yon trezò kap tann yo reklame li.
Si tout syèl la rejwi pou yon sèl pechè ki repanti, konbyen plis nou ta dwe travay pou nou wè sa rive ankò e ankò? Priyorize fè nanm pou Kris tande!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mèsi paske'w sove lavi'm epi'w mete'm nan fanmi'w. Kounye a, sèvi avè'm, Senyè, pou'm mennen plis nanm nan limyè etènèl ou a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Ak pawòl sa a jodiya, kè'm ap boule seryezman ak konpasyon pou moun ki poko vin jwenn Kris yo. M'ap mennen anpil moun soti nan domèn fènwa a pou vin nan bèl limyè BonDye a!

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 3:16-17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 233
Pwovèb 16-18; 1 Korint 15:1-28



MESAJ KI PI FÒ A

Filip 2:15 (NLT)
Viv yon lavi pwòp e inosan kòm pitit BonDye, klere tankou limyè klere nan yon mond plen ak moun kwochi ak pèvè

Mwen toujou di preche Levanjil la pa sèlman kanpe dèyè chè a, mete yon bèl kostim epi kenbe yon mikwofòn. Nan anpil ka, prèch ki pi fò e ki pi efikas la se lavi'w. Fason'w viv, pale, ak relasyon'w ak lòt moun ta dwe atire moun vin jwenn Kris.

Pawòl tèm nou an se yon rapèl pafè sou kijan'w ta dwe konpòte'w nan moman danje sa kote moralite disparèt. Mond lan plen ak moun kwochi ak pèvè. Fè limyè briye nan lavi'w. Tout moun ap gade'w : zanmi'w yo, manm fanmi'w yo, kòlèg ou yo, e menm etranje tou. Lavi'w se yon mesaj. Kite moun "li" lavi'w kòm siy pafè pou Kris.

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, mwen remèsye'W paske'W fè'm tounen yon lèt vivan. Lavi'm reflete nati'W epi li enspire lòt moun pou yo swiv ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi deklare ke chak moun ki vin an kontak avè'm ap wè ADN etranj BonDye a nan mwen. Jan BonDye ye a, se konsa mwen ye; kidonk, mwen reyisi!

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 5:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 234
Pwovèb 19-21; 1 Korint 15:29-58



YON PAFÈ ÈT ETRANJ

Efèz 2:10 (AMPC)
Paske nou se rezilta travay men BonDye (travay li), nou te fèt yon lòt fwa nan Kris Jezi, ...

Si Kretyen te konprann kijan yo te pafètman fasone, pifò demann priyè tap vin demode. BonDye te kreye'w san okenn defo, limitasyon, oswa antrav. Ou se yon chedèv Li ki byen fabrike, pafè, ekselan e konplè.

Vèsè jodiya di nou se rezilta travay Li menm. Se pa rezilta yon bon doktè, vitamin, oswa bon woutin nitrisyonèl—ou se rezilta travay BonDye. Pa gen okenn syantifik nan mond sa a ki ka konprann nèt machin pafè ou ye a. Avèk sa nan tèt ou, kenbe tèt ou kont riz dyab la. Refize malad, refize echèk oswa viktim nan lavi. Mache nan dominasyon ak sipremasi sou sikonstans mond sa a. Ou se èt etranj BonDye a, yon pafè èt etranj, pafè nan tout fason!

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Papa, paske'w fè'm tounen chedèv pafè ou. Paske'w te kreye'm nan yon fason pafè, m'ap mache nan siksè ak viktwa ou te deja prepare pou mwen nan non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen refize malad oswa dekouraje nan lavi. Depi jodiya, m'ap mache sou tè sa a tankou BonDye mwen ye a. Mwen domine nan tout domèn e mwen pap janm echwe. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Tit 2:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 235
Pwovèb 22-24; 1 Korint 16



GoodNews DAILY

KITE DIFE A BOULE!

2 Timote 1:6 (KJV)
Se poutèt sa, mwen fè w sonje pou w reveye don BonDye a ki nan ou, gras a enpozisyon menm sou ou.

Nan vwayaj anpil Kretyen, zèl yo te genyen pou travay BonDye yo kòmanse diminye. Mwen menm pèsonèlman, mwen te rankontre lidè ak kèk granmoun ki te rive nan yon pwen kote pat prèske ret volonte pou sèvi BonDye nan yo ankò. Men kijan mwen te ede yo.

Nan vèsè jodiya, "souke" se mo grèk anazōpyréō , ki vle di reveye oswa reveye zèl. Pòl te ankouraje jèn pastè a avèk anpil atansyon e avèk pèsistans pou'l ajoute bwa nan dife kè'l ki t'ap etenn.

Petèt ou menmjan Timote te ye: sa'w te santi yon lè a se pa sa ki la jodiya. Mwen ankouraje'w pou'w pran yon ti tan epi peze bouton "reset" la sou mach espirityèl ou. Rekòmanse. Ou gen tout pouvwa a pou'w relouvri lespri'w epi fè flanm sa yo rekòmanse.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen aksepte responsablite kite dife ki nan mwen an bese. Pa mwayen Sentespri'w la, mwen pral rekòmanse jodiya epi m'ap relimen dife a aktivman pou'l boule anndan'm ankò.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen fòje nan dife. Lavi'm menm se yon lavi dife ak zèl pou BonDye! Mwen pap janm kite dife sa a mouri nan Non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Timote 4:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 236
Pwovèb 25-26; 2 Korint 1



MOURI NAN PECHE

Ròm 6:11 (KJV)
Menm jan an tou, nou menm, nou konsidere tèt nou kòm moun ki mouri akòz peche, men ki vivan pou BonDye grasa Jezikri, Senyè nou an.

Mwen vle nou pran nòt de mo "konsidere" nan vèsè tèm jodiya. Nan tradiksyon grèk la, se mo logízomai, ki vle di konkli oswa konsidere yon aksyon kòm deja fèt, ki sèlman mande afimasyon ak rekonesans ou.

Sa a trè enpòtan paske li di'w ke nan lespri BonDye, nenpòt moun ou te ye nan tan lontan an pa gen okenn dwa sou moun ou ye kounye a nan Kris. Peche ak pouvwa eksitasyon li yo te mouri pa pouvwa Lakwa a. Afime epi rekonèt sa nan lavi'w. Ou pa moun ou te ye anvan an, kèlkeswa kantite rapèl dyab la voye ba'w. Nan Kris, vye moun sa a mouri. Pa bay plas pou konsyans peche; ou konplètman mouri akoz peche deja!

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, pou delivrans mwen ki te asire ke ansyen lavi'm, ansyen pèsonalite'm, ansyen karaktè'm mouri, alelouya!

DEKLARASYON PWOFETIK

Ansyen mwen an mouri depi lontan. Mwen viv byen lwen pi wo pase sikonstans yo paske pa gen okenn peche ki ka kenbe'm nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Galasi 2:20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 237
Pwovèb 27-29; 2 Korint 2



FYÈMAN SALE

Matye 5:13 (KJV)
Nou se sèl tè a....

Sèl tèlman komen ke'w ka jwenn li nenpòt kote. Men, nan epòk Nouvo Testaman an, sèl te yon komodite chè ak presye ki te nesesè nan anpil aspè nan lavi. Lè Senyè Jezi te konpare moun k'ap koute'l yo ak sèl, Li te konnen egzakteman ki kalite imaj Li te vle fè yo panse, epi Li te konnen analoji a tap touche yon kòd sansib.

Sèl te itilize kòm yon amelyoratè, yon prezèvatè, yon antiseptik, yon ajan gerizon, ak plis ankò. Tout karakteristik sa yo pale de kiyès ou ta dwe ye antanke Kretyen. Èske'w ap enfliyanse mond ou an nan bon fason an? Èske moun ki bò kote'w yo santi efè sale'w la? Kote sèl ye, rezilta yo vini. Ou se prèv la!

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, mèsi paske'W mete'm kòm sèl pou'm bay gou sou tè a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se sèl. Mwen pote gerizon bay malad yo; mwen dezenfekte espas toksik yo, epi mwen pote gou bay moun ki bò kote'm yo. Glwa pou BonDye!

ETID KONPLEMANTÈ
Mak 9:50

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 238
Pwovèb 30-31; 2 Korint 3



GoodNews DAILY

MWEN PAP PRAN DESEPSYON

Matye 24:4 (KJV)
Fè atansyon pou pèsonn pa twonpe nou.

Nou pa bezwen gade twò lontan nan mond ki antoure nou jodiya pou'n wè twonpri ap travay, menm kote nou pa't panse. Dekadans moral la tèlman gaye ke nou ka santi'n rive nan pwen kritik la.

Nan vèsè ki anwo a, Senyè Jezi te predi avèk presizyon twonpri mondyal sa a sou latè nan dènye jou yo epi li te avèti disip li yo ke sa t'ap yon siy ke retou li te iminan. Pandan n'ap pwoche pi pre dènye jou nan epòk sa a, nou bezwen sonje avètisman Kris la sou tan sa a kote twonpri ap pran tout mond lan. Tan sa a se kounye a. Tan retou Senyè a rive, frè ak sè'm yo. Se pou nou dilijan, rete vijilan, pwoteje kè nou, epi pa kite yo twonpe nou!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen priye pou'w banm fòs kouraj pou'm rete fèm sou Pawòl BonDye a epi pou'm pa janm pran nan twonpri mon sa a nan Non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Je'm yo onksyone ak yon lwil etranj ki ban'm kapasite pou'm wè tout kalite twonpri! Mwen pap kite yo twonpe'm, tout glwa pou BonDye!

ETID KONPLEMANTÈ
2 Tesalonik 2:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 239
Lik 16:16-31; Sòm 89-90



PARE POU GOUMEN!

1 Timote 6:12 (KJV)
Konbat bon konba lafwa a....

Gen yon move konsepsyon pami Kretyen yo ki panse depi'w aksepte Jezi, ou p'ap janm fè fas ak yon sèl defi nan lavi'w. Sa pa vre ditou. Mach nou avèk Senyè a se yon mach lafwa, epi dapre vèsè jodiya, chemen lafwa a souvan mande yon batay pou rive nan bout li.

Si w'ap fè fas ak yon lit sou chemen pou atenn objektif ou yo, pa kite sa pran'w pa sipriz. BonDye te avèti'w davans atravè Apot Pòl pou'w prepare'w pou yon batay. Pa abandone rèv BonDye ba ou yo. Rete fèm kont tout opozisyon epi navige viktoryezman jodiya!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, se pou gras mwen bezwen pou'm goumen bon batay lafwa a miltipliye nan lavi'm nan non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Sentespri ki nan mwen an ranpli'm ak pouvwa pou'm reziste tout fòs opoze. M'ap rete fèm jiska laviktwa final.

ETID KONPLEMANTÈ
2 Timote 4:7

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 240
Eklezyas 1-3; 2 Korint 4



GoodNews DAILY

RANTRE NAN DETAY YO

1 Jan 5:15 (KJV)
Si nou konnen li tande nou, nan kèlkeswa sa nou mande, nou konnen nou genyen sa nou te mande l yo.

Gen kèk priyè ki "pa jwenn repons" tou senpleman paske yo pa ase espesifik. Kite'm mande'w sa: lè'w priye, èske'w fè priyè jeneral pou jwenn benediksyon, oubyen èske'w te aprann sekrè pou'w priye BonDye avèk presizyon? Priyè tankou, "BonDye beni tout lavi'm," pa ase espesifik. Pou ki domèn egzakteman w'ap mande benediksyon sa a? Kalite priyè vag ak jeneral sa yo p'ap bay okenn rezilta.

Nan vèsè jodiya, mo "nenpòt sa nou mande" yo vle di presize. Tradiksyon grèk mo "nenpòt sa" a vle di ki moun, kiyès, kisa. Ou wè jan sa enteresan? Donk, lè w'ap priye, presize egzakteman ki moun, kiyès, ak kisa w'ap pale de li a. Jwenn ekriti labib ki pou sipòte demann ou yo epi pa bliye, ou dwe presize.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, paske'w gide'm pou'm jwenn pwomès espesifik ou yo, ki aplike nan sitiyasyon espesifik ki nan lavi'm yo, dirèkteman nan Pawòl ou!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deklare ke pèfeksyon BonDye etabli nan chak domèn mwen te priye pou li nan lavi'm. Siksè se pou mwen!

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 14:13-14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 241
Eklezyas 4-6; 2 Korint 5



ITILIZATÈ OTORIZE

Travay 19:15 (KJV)
Move lespri a reponn li di: Mwen konnen Jezi, mwen konnen Pòl; men nou menm ki moun nou ye?

Si'w nan Kris, ou se yon itilizatè otorize pou Non Jezi ak pouvwa Sentespri a. Move lespri ki dekri nan vèsè jodiya te konnen Non Jezi epi'l te konnen Pòl paske Pòl te nan Kris donk li te yon itilizatè otorize pou itilize Non Jezi!

Antanke Kretyen ki abite pa pouvwa Sentespri a, nou gen tout pouvwa nan Syèl la ak sou Latè (Matye 28:18). Sa vle di menm pouvwa Jezikri tap opere ladan'l lan, ou genyen'l! Ou otorize pou pale nan non Jezi epi pou pran otorite sou nenpòt move prezans ki vin sou wout ou jodiya. Sèvi ak otorite'w pou'w fè aksyon etranj jodiya!

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Papa, paske'w ban'm otorite pou'm itilize Non Jezi! Ame ak Non pwisan sa a, mwen pa ka echwe nan Non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen sèvi ak pouvwa Jezi ki nan mwen an pou'm rann tout move atak ki vle detwi'm yo anatèm. Toutotan'm gen otorite sa a, mwen p'ap janm konn lawont!

ETID KONPLEMANTÈ
Efèz 1:20-22

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 242
Eklezyas 7-9; 2 Korint 6



SE POU NOU JANTI

Efèz 4:32 (KJV)
Epi se pou nou janti youn ak lòt, se pou nou gen kè sansib, se pou nou padone youn lòt, menm jan BonDye te padone nou nan Kris la.

Mo "janti" ki nan pasaj prensipal nou an se mo grèk chrēstós. Li vle di pou nou dou, agreyab, gen bon kè, pami lòt bagay. Si'w janti, ou se yon moun ki atantif e ki pran bezwen lòt moun an konsiderasyon.

Mo sa a dekri atitid Senyè Jezi vle pwodui nan nou pa pouvwa Sentespri a. Anseye jantiyès pa sèlman pou timoun nan jadendanfan oswa lekòl dimanch; sa a se pou chak moun ki gen non Kris. Senyè Jezi te santi konpasyon lè'l te wè yon moun nan bezwen. Li te janti. Gen kèk Kretyen ki twò "fre" pou yo montre jantiyès. Yo panse ke lè nou janti se feblès, men pwòp Papa nou se jantiyès li menm. Pandan n'ap fini mwa sa a, chwazi priye pou'n avanse ak ane sa a nan jantiyès anvè lòt moun!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pa Lespri'w, anseye'm kijan pou'm montre jantiyès anvè moun ki bezwen'l yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen libere'm de tout bagay ki t'ap anpeche'm montre jantiyès anvè lòt moun. Vi'm pral ranpli ak konpasyon pou pèp BonDye a!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Piè 3:8-9

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 243
Eklezyas 10-12; 2 Korint 7



ALIYMAN LWIL LA

1 Samyèl 10:1, 6 (KJV)
Lè sa a, Samyèl pran yon ti boutèy lwil, epi li vide'l sou tèt li, li bo'l, epi li di'l: "Èske se pa paske Senyè a ki chwazi'w ... epi'w pral pwofetize avèk yo, epi'w pral transfòme an yon lòt moun."

Lè lwil etranj vide sou ou, chanjman pa opsyonèl, li garanti. Sayil pa't vin tounen "yon meyè vèsyon" de tèt li; li te vin tounen totalman yon lòt moun. Se sa onksyon an fè. Li ba'w pouvwa pou misyon'w.

Ane sa a, yo pa atann ou akonpli objektif BonDye a avèk kapasite imèn. Lwil etranj ap bay sa fòs ou pa ka pwodui. L'ap transfòme panse'w epi pwodui vèsyon tèt ou sa a ke syèl la deja rekonèt. Atann Sentespri a anplifye kapasite'w. Ou gentan ap transfòme an moun apèl ou bezwen an.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou lwil etranj Ou te relache sou lavi'm. Mwen lage kò'm totalman nan travay Lespri'W la. Kite onksyon'W transfòme'm pandan m'ap renouvle mantalite'm epi aliyen tèt mwen ak vèsyon Syèl la de moun mwen aple pou'm ye a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen onksyone pou travay etranj ak tach ekstraterès. Mwen opere pi lwen pase limit lèzòm yo epi'm akonpli misyon'm jodiya avèk konfyans total.

ETID KONPLEMANTÈ
Travay 1:8; 2 Korint 3:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 244
Chante Salomon 1-3; 2 Korint 8



GoodNews DAILY

ANTOURE PA FAVÈ

Sòm 5:12 (KJV)
Paske ou menm, Senyè, w'ap beni moun ki jis; ou va antoure'l ak favè tankou yon boukliye.

Favè se pa yon bagay ou vizite; se yon bagay ki antoure'w. BonDye mete favè tankou yon boukliye toutotou lavi'w pou ke opòtinite yo, aksè, ak pòt ouvè yo ka jwenn ou. Sistèm ak moun k'ap bloke lòt moun yo dwe reponn diferaman lè'w rive.

Menm erè yo ka tounen temwayaj lè favè ap travay. Ane sa a pote operasyon BonDye yo ki pa abityèl, pa familye ak etranj. Règleman yo ap chanje, moun ap reyaji, epi sikonstans yo ap chanje pou akomode'w. Mache avèk konfyans jodiya; favè pa devan'w oswa dèyè'w. Li toutotou'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'W antoure'm ak favè tankou yon boukliye. Mèsi paske Wap mache nan mwen jodiya epi'W pozisyone'm pou aksè diven, opòtinite estrawòdinè yo, ak pòt ouvè yo. Kite favè'W pale pou mwen kote vwa'm pa ka rive. Kite non'm mansyone nan chanm mwen poko rantre, epi fè tout sa'm touche jodiya pwospere, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi deklare m'pral kòmanse biznis, akeri byen, epi bati relasyon yon fason estrawòdinè. Mwen antoure pa favè etranj. Kèlkeswa kote'm ale jodiya, pòt yo louvri pou mwen!

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 2:52

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 245
Chante Salomon 4-5; 2 Korint 9

GoodNews DAILY

MANDE SAJÈS

1 Wa 3:9 (ERV)
Se poutèt sa, mwen mande'w pou ban'm sajès pou'm gouvène...

BonDye pa janm kritike'w paske'w mande sajès. Okontrè, Li ba'w li gratis ak anpil jenewozite. Yon sèl enstriksyon BonDye bay ka reyisi kote plizyè ane efò echwe.

Sajès mete'w nan bon pozisyon pou'w konnen sa pou'w fè, ki lè pou'w fè'l, epi kijan pou'w egzekite'l kòrèkteman. Nan Gibeyon, Salomon pa't mande viktwa, richès, oswa eliminasyon lènmi'l yo. Li te mande sajès, epi sajès te mete'l nan bon pozisyon pou'l resevwa sa li pa't menm mande.

Tach etranj yo mande sajès etranj. BonDye ap fè bagay etranj, epi panse òdinè pa ka jere rezilta ekstraòdinè. Lè BonDye bay aktivite inabityèl, Li bay tou konpreyansyon ki nesesè pou reyalize yo san difikilte. Envite konpreyansyon BonDye; mande sajès.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen mande sajès ki soti anwo. Ban mwen yon konpreyansyon ki depase eksperyans mwen ak yon entèlijans ki depase laj mwen. Gide panse'm, desizyon'm ak aksyon mwen jodiya pou'm ka mache ann amoni avèk Ou pou'm ka egzekite chak tach avèk presizyon ak fasilite.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen resevwa sajès divin pou chak pa mwen fè jodiya. Mwen konnen kisa pou'm fè, ki lè pou'm fè'l, ak kijan pou'm fè'l. Gras a sajès BonDye, mwen nan bon plas la nan bon moman an, m'ap pran bon desizyon yo epi m'ap wè siksè ekstraòdinè.

ETID KONPLEMANTÈ
Jak 1:5

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 246
Lik 17:1-19; Sòm 91-93



ZAM LAPÈ A

Ezayi 26:3 (KJV)
W'ap gade nan yon lapè total moun ki mete tout fokis li sou ou, paske li mete konfyans li nan ou.

Lapè pafè pa vle di absans konfli. Se kouvèti pwoteksyon BonDye mete sou lespri'w menm lè konfli antoure'w. Lapè sa a anpeche lènmi an sèvi ak presyon pou fè'w pèdi chemen'w.

Ane sa a, lapè se pa sèlman yon bagay ou pral jwi, se yon bagay ou pote. Pandan idantite'w kòm yon anbasadè Wayòm nan ap vin pi vizib, vizibilite sa a vini ak bri, distraksyon, ak konfwontasyon. Men, lapè se pwoteksyon'w.

Sonje byen, yo voye'w nan yon misyon. Ou se yon anbasadè, epi anbasadè yo pa janm panike. Yo pale nan non nasyon yo, epi konfyans yo soti nan moun yo reprezante a. Ou reprezante Syèl. Kite lespri sa a nan ou jodiya: pa gen enkyetid, pa gen krentif, pa gen prese. Jis rete konsantre. BonDye deja pran devan'w. Rete branche sou vwa Li epi kite lapè siveye.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou kouvèti lapè pafè a. Kite lespri'm rete fikse sou ou. Pwoteje'm kont distraksyon. Mwen fè'w konfyans pou'w kenbe'm aliyen ak vwa'w jodiya.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi deklare, nasyon yo pral tande vwa'm. M'ap mache nan lapè pafè. Mwen p'ap kite yo souke'm, distrè'm, oswa fè'm pèdi chemen'm nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 4:6-8

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 247
Chante Salomon 6-8; 2 Korint 10



KONFYE PWOJÈ'W YO BAY BONDYE

Pwovèb 16:3 (KJV)
Konfye travay ou yo nan men Senyè a, epi pwojè'w yo va reyisi.

Lè'w konfye plan'w yo bay BonDye, ou envite entèlijans BonDye nan sal planifikasyon lavi'w. Pandan w'ap konfye'L travay ak pwojè'w yo, Li pote estrikti nan ide ki gaye yo epi li asire estabilite nan chak pa'w.

Anpil fwa, se pa mank vizyon ki kreye fristrasyon, se pwa eseye rezoud tout bagay poukont ou. Men, yon fwa'w mete pwojè'w yo, desizyon ak responsablite'w yo nan men'L, ou kòmanse panse pi klè, epi pwochen etap la vin pi fasil pou wè.

W'ap fè patenarya ak yon BonDye etranj. L'ap etabli direksyon an, tan, koneksyon yo, resous yo, ak estrateji pou ke sa'k te parèt depase'w yo vin rantre nan lòd ak reyalizab. Anvan'w avanse jodiya, pran yon poz. Pote plan'w yo nan prezans Li. Kite'L pale nan yo, soufle sou yo, epi aji nan ou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen remèt Ou tout plan, pwojè, ak desizyon ki nan kè'm. Pote klète kote'm ensèten ak direksyon kote'm ezite. Mèsi paske'w gide pa'm yo jodiya.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m'ap konfye plan'm yo bay Senyè a, panse'm yo ap pran plas. Sajès BonDye a dirije tan'm, desizyon'm yo, ak estrateji'm. Tout sa'm manyen jodiya pote fwi. Jodiya se yon jou san erè!

ETID KONPLEMANTÈ
Efèz 1:11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 248
Ezayi 1-2; 2 Korint 11



MONTE

Ebre 12:1 (KJV)
...Ann mete sou kote tout chay, ansanm ak peche ki vlope nou si fasilman...

Avyon yo fèt pou vole, men wotè ak distans yo ka ale depann de sa y'ap pote. Yon avyon ki pi lou monte pi dousman, li rive nan pi bon altitid kwazyè li pi ta, epi li boule plis gaz jis pou'l kouvri menm distans lan. Pandan ke gaz la ap boule epi pwa a ap diminye, avyon an ka monte pi wo epi deplase pi efikasman.

Lavi'w fonksyone menm jan an. Pouvwa BonDye a prezan, men pwa ki pa nesesè afekte vitès ou monte ak distans ou rive. Gen kèk pwa ki se abitid. Gen lòt ki se relasyon, modèl panse, oswa bagaj emosyonèl. Ou ka toujou avanse, men monte a pi dousman epi efò a pi gwo pase sa ki nesesè.

Pote chay jounen yè a p'ap mennen'w nan nivo demen an. Deside kounye a ke pa gen anyen ki pral entèfere ak sa BonDye prepare pou ou. Lage tout sa k'ap limite monte'w, epi atenn nan nivo espirityèl desten'w bezwen an. Vize ekselans!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, revele epi retire tout sa ki anpeche pwogrè'm. Ban'm favè pou'm lage abitid, relasyon, ak mantalite ki pa sèvi objektif Ou ankò.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen lage tout pwa ki pa nesesè. Pa gen anyen nan pase'm ki pral limite avni'm. Mwen rive nan pi wo nivo BonDye te prepare pou mwen an.

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 3:13-14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 249
Ezayi 3-4; 2 Korint 12



ITILIZE PAWÒL YO

Oze 14:2 (KJV)
Pran pawòl sa yo avèk ou, epi tounen vin jwenn Senyè a...

Tibebe yo kriye paske yo poko ka pale. Yo santi grangou, yo pa alèz, yo pè, oswa yo bezwen atansyon, men san pawòl, kriye vin sèl mwayen kominikasyon yo.

Espirityèlman, Ekriti a rele eta sa a nepios, yon tibebe nan Kris. Kretyen Nepios yo reponn a pwoblèm tankou tibebe: kriye poutèt presyon, kriye poutèt finans, kriye poutèt solitid oswa responsablite. Pwoblèm nan se pa sitiyasyon an; se mank Pawòl pale a.

BonDye pa janm di nou pou nou kriye nan lavi nou. Li di: “Pran pawòl yo avèk nou.” Pawòl BonDye a pote pouvwa, chanje atmosfè yo, epi kòmande rezilta yo.

Ane sa a se pa ane pou nou plenyen fas ak sikonstans yo. Se ane a pou nou pale! Mete pawòl BonDye yo nan lapriyè’w, nan jounen’w, nan kò’w, nan finans ou, nan desizyon’w yo, nan avni’w. Bati mond ou an ak sa BonDye deja di.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, antrene bouch mwen pou’l pale Pawòl Ou, pou’m ka delivre anba fristrasyon an silans ak reyaksyon timoun yo. Pandan m’ap pale, ede’m kontwole pawòl mwen yo pou lavi’m reflete puisans sa Ou te deja di.

DEKLARASYON PWOFETIK

Bouch mwen se motè pwogrè’m. Mwen pote Pawòl la nan chak sitiyasyon. Mwen dekrete lavi, fòs, resous, ak viktwa. Lavi’m reponn a otorite Pawòl la, epi tout bagay chanje pandan m’ap pale!

ETID KONPLEMANTÈ
2 Piè 1:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 250
Ezayi 5-6; 2 Korint 13



LWANJ EKSTRATERÈS

Galasi 4:27 (ESV)
Paske, li te ekri : "Rejwi, ou menm ki pa ka fè pitit! Pete gwo rèl, ou menm ki pa gen doulè akouchman!..."

Lè'w bay yon moun yon kado yo vrèman apresye, reyaksyon yo imedya. Yo pa tann pou enspekte'l, teste'l, oswa analize'l. Yo debòde ak kè kontan, yo remèsye'w, selebre, epi eksprime lajwa.

Fason nou pran posesyon benediksyon BonDye yo mande yon lwanj etranj. Antanke moun ki gen lafwa, nou pa tann pou'n wè anvan nou rejwi. Nou kwè nou resevwa lè'n priye, pa lè manifestasyon an parèt.

Pa tann jiskaske pwomès la nan men'w pou'w louvri bouch ou. Pratike lwanj ou kounye a. Wè tèt ou k'ap antre nan pòt nouvo biznis ou a. Tande bri kle a k'ap louvri nouvo machin ou an. Wè tèt ou k'ap siyen kontra pou plizyè milya dola. Imajine tèt ou k'ap sote, san doulè epi konplètman geri. Fè lwanj davans prepare teren an pou sa k'ap vini an.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, kite louwanj mwen leve nan lafwa. Pandan m'ap rejwi anvan manifestasyon an, kite pòt yo louvri, kontra yo siyen, epi gerizon an fèt. Mwen fè lwanj Ou kounye a pou sa ki deja etabli nan Syèl la.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen fè lwanj BonDye anvan pwomès la manifeste. Lwanj mwen monte pou'l koresponn ak grandè sa BonDye te prepare pou mwen! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Amòs 9:13 (MSG)

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 251
Ezayi 7-9; Galasi 1



MANIPILE AK PREKOSYON

Sòm 105:15 (KJV)
Pa touche moun mwen onksyone a...

Nan tan lontan, prezans BonDye te pote nan yon kontenè fizik, Lach la. Lè Ouza te lonje men'l pou'l te ka kenbe'l, li te mouri menm kote a (2 Samyèl 6:1-7). Li te aprann nan fason ki pi difisil ke eseye fè BonDye yon favè san enstriksyon Li se yon bagay danjere. Yo pa't ka touche Lach la ditou paske BonDye te rete ladan'l.

Kounye a prezans BonDye rete nan ou. Ou se Lach BonDye a. Sa vle di yo pa ka touche'w, manyen'w oswa pwoche bò kote'w nan okenn fason. Pati ki pi danjere nan verite sa a se ou menm ki detèmine ki "manyen" ki akseptab.

Jou kote yo t'ap pouse'w, maltrete'w oswa trete'w san prekosyon an fini. BonDye ap fè travay etranj ane sa a, epi ou se moun Li onksyone a. Ou pote prezans Li. Epi Syèl la ap fè respekte sa'w pèmèt ak sa'w refize.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou prezans Ou ki repoze nan mwen. Anseye'm pou'm onore sa'w te onksyone a epi pou'm onore tèt mwen kòm kote Ou rete a. Ban'm disènman pou'm rekonèt sa'm dwe pèmèt ak kouraj pou'm refize sa ki dezonore prezans ou nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se moun BonDye onksyone a. Moun pa ka maltrete'm. Nenpòt tantativ pou touche'm, anpeche'm oswa opoze'm, yo bloke epi jije nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
2 Timote 4:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 252
Ezayi 9-10; Galasi 2



GoodNews DAILY

MÒ YO PA BAY MANTI

Galasi 2:20 (KJV)
Mwen krisifye avèk Kris: epoutan m'ap viv; an reyalite se pa mwen men se Kris k'ap viv nan mwen...

Gen yon liv ki rele Doktè ki mouri yo pa bay manti. Konsèp la senp: ou ka aprann anpil de bagay ki deja mouri. Daprè Ekriti yo, ansyen ou menm nan te krisifye avèk Kris, "ou" ki te fòme pa wont, laperèz, echèk ak limitasyon an mouri.

Moun ki mouri yo pa diskite ak verite a. Yo pa plenyen oswa kontredi sa BonDye di. Antanke Kretyen, ou pa viv dapre byoloji'w ankò men dapre lavi Kris la. Kidonk, antanke yon nouvo kreyasyon, gen bagay ou pa dwe janm bay tèt ou manti sou yo ankò. Pa janm di yo rejte'w lè Byeneme a aksepte'w. Refize rele tèt ou san pouvwa lè Lespri BonDye a ap viv nan ou. Pa janm pale de mank lè tout bagay se pou ou. Se pou pawòl ou yo dakò ak krisifiksyon'w ansanm ak rezireksyon'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske ansyen lavi'm te krisifye ak Kris. Kite panse'm, pawòl mwen ak aksyon'm demontre nati'l, jistis li ak viktwa'l. Mwen chwazi pou'm viv daprè moun mwen ye nan ou a. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Ansyen mwen menm nan krisifye avèk Kris. Kounye a, m'ap viv dapre lavi Li, verite ak viktwa Li. Mwen refize fo idantite epi'm pale sèlman sa ki dakò ak lavi rezireksyon mwen an. Tout manti fèmen bouch nan non Jezi ki puisan an!

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 1:12-13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 253
Lik 17:20-37; Sòm 94-96



POSESYON DEVANSE LAPRIYÈ

Mak 11:23 (KJV)
Li va jwenn tou sa'l te di.

Gen yon domèn nan BonDye kote'w pa priye ankò; ou posede! Lè yon bagay vin pou ou nan lespri a, langaj ou chanje soti nan demann pou vin deklarasyon. Ou pa mande sa ki deja nan men'w: ou pale tankou yon moun ki posede li.

Madanm mwen avè'm rive nan yon pwen kote ke fokis nou pa sou bezwen pa ankò. Jan Ekriti a di, nou "otosifizan". Priyè nou yo pa santre sou sa nou bezwen ankò, men sou sa Wayòm nan bezwen: nasyon, pèp, ekspansyon, ak pwogrè. Se sa posesyon fè: li deplase lapriyè totalman nan yon lòt nivo.

Ane sa a, priyè'w yo ap chanje. Pandan w'ap kenbe sa Kris deja garanti pou ou, w'ap jwenn tèt ou ap pale mwens ak dezi epi plis ak otorite. Sa a se ane w'ap pran posesyon sa'k pou ou espirityèlman, finansyèman, fizikman ak pwofetikman. W'ap posede byen'w yo nan non Jezi!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou otorite Ou ban mwen nan Kris. Chanje konpreyansyon'm, fèl pase de mande a posede epi ede'm pale ak otorite, pa avèk mank, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen posede sa BonDye ban mwen. Mwen pran otorite; mwen pa mande charite. Mwen dekrete ogmantasyon, sifizans ak pwogrè sinatirèl nan tout aspè nan lavi'm!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 3:21; 2 Korint 9:8 (AMPC)

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 254
Ezayi 11-13; Galasi 3



PRIYÈ ETRANJ YO

Sòm 5:3 (MSG)
Chak maten mwen mete lavi'm an pyès sou lotèl ou a, epi'm tann difè desann.

Difè nan lwil se pami bagay ki pi danjere yo paske yo difisil pou kontwole. Yon fwa yo limen, yo boule pi fò, yo gaye pi vit epi yo refize etenn ak metòd òdinè. Flanm yo sote soti nan yon sifas al nan yon lòt, yo vwayaje, yo vin pi fò epi yo miltipliye. Sa a se imaj yon vi de priyè ki an difè.

Lè'w mete lavi'w an pyès sou lotèl BonDye a, difè a vin solid. Lapriyè vin tounen yon bagay ki ka pran difè, li kapab limen tout sa li touche. Menm "danje" yon difè lwil natirèl vin tounen yon avantaj pou ou: li pèsistan, enkontwolab, li deplase rapidman, epi li enposib pou lènmi an etenn li.

Nan Ane Lwil Etranj sa a, vi de priyè'w pral an difè. Se pa kalite lapriyè fèb ak aksidantèl ki danse epi ki mouri a, men kalite lapriyè ki gaye nan kay ou, nan desizyon'w yo, nan finans ak nan travay ou. Lapriyè ki rasanble tout aspè nan lavi'w nan yon sèl plas devan BonDye epi mete difè ladan'l.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, kite difè sakre desann epi limen vi de priyè'm ak lwil etranj. Boule distraksyon, feblès ak pasivite. Fè lapriyè'm yo pèsistan, enkontwòlab, epi enposib pou lènmi an etenn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m'ap mete lavi'm sou lotèl la, epi difè BonDye a ap boule chak pati nan mwen, Syèl la reponn epi Lanfè pè. Priyè'm yo danjere!

ETID KONPLEMANTÈ
Mak 1:35

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 255
Ezayi 14-16; Galasi 4



GoodNews DAILY

CHOMÈ

2 Timote 1:10 (KJV)
Men kounye a, li parèt aklè avèk aparisyon Sovè nou an, Jezikri, ki te aboli lanmò...

Vèsè sa a ta dwe youn nan vèsè ki pi kontwovèse nan Labib, men se pa sa, paske anpil Kretyen refize aksepte posiblite gloriye li revele yo. Imòtalite pa sèlman pou syèl la; li la pou kounye a. E rezon an klè: Kris te aboli lanmò.

Nan Wayòm nou an, lanmò aboli. Mo grèk la se katargéō, ki vle di li vin totalman initil, san travay, inaktif e san fonksyon. Alelouya! Lanmò pèdi fòs li, pouvwa li ak enfliyans li. Li pa ta dwe janm anplwaye, aktif oswa operasyonèl nan lavi yon Kretyen. Li ilegal!

Oze mache nan limyè verite sa a. Medite sou li jiskaske li vin yon pati de konesans ou, de bagay ou pa negosye. Kite'l transfòme fason'w panse, pale, ak reyaji fas ak laperèz, maladi, ak limitasyon. Kris pa't jere lanmò. Li te demonte'l. Yo pa ka touye'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou travay Kris la ki fini. Mèsi paske lanmò aboli, li vin san pouvwa, epi'l pa fonksyonèl nan lavi'm. Kite revelasyon sa a rete byen fon nan lespri'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lalwa Lespri Lavi a aktif e l'ap fonksyone nan lavi'm. Lanmò pa gen okenn otorite sou mwen. Mwen anile tout misyon lanmò! Lanmò, ou revoke!

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 2:14-15; Ròm 8:1-2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 256
Ezayi 17-19; Galasi 5



SENYÈ A AP LEVE

Ezayi 28:21 (NKJV)
Paske Senyè a ap leve kanpe tankou sou Mòn Perazim...

Lè Senyè a leve, tout bagay chanje. Nan tout Bib la, leve Li se yon siy aksyon desizif. Lè li leve, jijman libere, mizèrikòd blayi, epi sa ki te sanble bloke kòmanse deplase. Li leve kanpe lè reta a pa ka kontinye ankò. Li leve pou'L aji an favè pèp Li a, pou'L favorize yo pou glwa Li ka parèt nan lavi yo.

Sou Mòn Perazim, Senyè a te leve sibitman epi li te parèt tankou yon inondasyon. Ezayi rele sa "travay etranj" Li, yon bagay inatandi ki te choke tout moun. Pandan BonDye ap leve, sa L'ap fè a ap siprann ou. Li p'ap sibtil oswa gradyèl. L'ap rapid, enkontestab, epi egzakteman alè.

Chak lènmi pwogrè'w, kit se presyon finansye, maladi ki dire lontan, pòt fèmen, rezistans espirityèl, oswa sik reta yo, w'ap konfwonte yo. Sa'k te goumen avè'w an silans ap tonbe byen fò. Anyen pa ka kanpe nan chemen'L.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'W leve kanpe pou mwen. Kite tout sa ki te kanpe kont sante'm, finans mwen ak travay mwen kraze anba pouvwa'W. Pèmèt ke se jou sa a travay etranj Ou a rive pou mwen.

DEKLARASYON PWOFETIK

Senyè a leve pou mwen! Sa ki te reziste'm ap tonbe. Chak reta, sik negatif, ak opozisyon kache ap jije. Travay etranj li an ap mache!

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 68:1-4

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 257
Ezayi 20-22; Galasi 6



BON NOUVÈL LAJAN

Mak 16:15 (KJV)
Epi li di yo: Ale toupatou sou latè, preche bon nouvèl la bay tout kreyati.

Ou ka sezi lè'w konnen anpil Kretyen, byenke yo ne denouvo, pa janm tande Levanjil la. Levanjil la (euagellion) se yon nouvèl ki prèske twò bon pou'l vre. Frè'm ak sè'm yo, si se pa bon nouvèl, se pa Levanjil li ye.

Levanjil la fèt pou yo preche'l tout kote, pa sèlman bay moun, men "bay tout kreyati." Ki dènye fwa ou te preche biznis ou a? Ou ka ap fè sèvis chak dimanch, men èske'w te preche bon nouvèl la bay kont anbank ou a?

Se pou jodiya make lansman oubyen relansman ministè predikasyon Levanjil ou a. Preche'l bay tout kreyati, tout bagay ki kreye. Bon nouvèl toupatou!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ede'm preche bon nouvèl sa a avèk asirans e san limit. Se pou pwovizyon, ogmantasyon, ak rezèv sèvi pou avansman Levanjil la atravè lavi'm, pou laglwa Ou. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi deklare: lajan ap chèche'm. Mwen p'ap manke lajan ane sa a. Kont labank, lajan ki soti nan tout nasyon ap kouri vin jwenn ou! Biznis, w'ap boujonnen tankou'w pat janm anvan ak yon flo kliyan ekselan ki pa janm fini! Finans, w'ap ogmante pou glwa BonDye. M'ap pale ak lajan'm: Bon nouvèl pou ou!

ETID KONPLEMANTÈ
Jeremi 22:29

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 258
Ezayi 23-25; Efèz 1



GoodNews DAILY

ADIKSYON ADISYON

Matye 6:33 (KJV)
Men, chèche wayòm BonDye a ak jistis li an premye; epi tout bagay sa yo va vin anplis pou ou.

Moun adikte yo gen abitid ki ankre nan yo. Yo òganize jounen yo otou de sa yo anvi. Yo reflechi sou li, planifye'l, pouswiv li, epi yo fè sakrifis pou li. Jezi te itilize menm imaj sa a lè li te di chèche Wayòm nan an premye. "Chèche" (epizēteō) vle di chèche oswa anvi avèk priyorite; se yon entansite ki refize yo inyore'l.

Imajine si rechèch ou pou BonDye te pote nivo fokis sa. Si yon moun ta egzamine abitid ou yo, fason'w panse, planifye, ak pase tan'w, èske yo ta konkli ou "adikte" a bagay BonDye yo?

Lè sa BonDye vle vin tounen priyorite'w, sa'w bezwen an vin jwenn ou san'w pa bezwen lite oswa fatige tèt ou. Kite kilti prese prese a. Bay tèt ou nèt ale nan ajanda Li. Sa a se sèl adiksyon BonDye ap sipòte.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, chanje lòd dezi'm yo epi amelyore konsantrasyon'm. Anseye'm pou'm chèche'W avèk entansite, priyorite, ak devosyon. Kraze tout move anvi epi ranplase'l ak yon swaf pou Wayòm Ou ak jistis Ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lavi'm make pa yon pouswit konsantre pou BonDye. Mwen anvi prezans Li. Mwen bay tèt mwen totalman nan ajanda Li. Mwen adikte pou Wayòm nan; tout sa'm bezwen, li ajoute, epi ogmantasyon garanti!

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 23:4 (MSG); Filip 4:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 259
Ezayi 26-27; Efèz 2



VIRE TAB YO

Matye 2:20 (KJV)
...Paske, yo mouri sila yo ki t'ap chache touye ti pitit la.

Objektif atire opozisyon. Anvan Jezi te di yon mo oswa te fè yon mirak, lènmi an te gentan vize lavi'L. Opozisyon souvan parèt byen bonè lè destine a prezan. Repons BonDye a pa't konfwontasyon an premye men prezèvasyon: kouri!

Ekriti yo montre ke kouri kapab yon estrateji lafwa. Nan kay Potifa a, Jozèf te kouri kite imoralite pou'l te prezève sentete. David te kouri kite Sayil pou'l te prezève apèl li. Yo te desann Pòl nan yon pànye pou'l te chape anba danje epi pou'l te ka viv pou'l preche yon lòt jou.

Jozèf, mari Mari a, te resevwa enstriksyon pou'l kouri pou'l sove lavi ti pitit la. Men, gen yon moman kote BonDye deklare: "Moun ki t'ap chache lavi'w yo mouri." Sezon an chanje, epi lènmi ki te konn ap pouswiv ou a kounye a se li menm y'ap pouswiv. BonDye Lame Zanj yo ap goumen pou ou. Sispann kouri epi avanse. Kounye a se tou pa lènmi an pou'l kouri!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'W prezève lavi'm ak destine'm nan chak sezon opozisyon. Ban'm disènman pou'm konnen ki lè pou'm kouri ak sajès pou'm konnen ki lè pou'm avanse. Mèsi paske'W goumen pou mwen epi'W elimine tout menas kont apèl mwen.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi deklare: tout lènmi destine'm vin san pouvwa. BonDye soutni'm ak men jis Li a!

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 41:11-13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 260
Lik 18:1-17; Sòm 97-99



GoodNews DAILY

LÒD LWIL LA

Sòm 133:2 (KJV)
Se tankou yon lwil presye ki koule sou tèt Arawon, ki koule sou bab li, ki desann nan pwent rad li.

Gen pwason ki naje kont kouran, men sa mande plis efò pase si yo t'ap suiv kouran. Tout bagay vin pi difisil, pwogrè a pi dousman, enèji ap vide, epi rezistans lan konstan. Eksperyans lavi a menm jan lè pa gen lonè. Se tankou w'ap eseye sote atè pandan'w kanpe sou tèt ou.

Onksyon an ajoute fliyidite kote nòmalman ta gen friksyon; ou fè plis ak mwens efò. Men, BonDye te fè onksyon an pou'l koule nan yon lòd espesifik: li kòmanse nan tèt la epi li koule desann.

Lè'w rekonèt epi'w onore moun BonDye mete sou tèt ou yo, ou nan bon pozisyon pou resevwa lwil la. Onksyon ou onore a se onksyon ou atire a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou lòd Ou te etabli pou koule onksyon Ou an. Ede'm rekonèt epi bay valè ak gras Ou mete nan lòt moun epi onore gras sa a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen mache nan lòd ak onè diven. Lè'm rekonèt epi'm bay valè ak moun BonDye mete sou mwen, lwil la ap koule lib nan lavi'm. Mwen resevwa tout sa onksyon an gen pou'l ofri, nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 7:7

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 261
Ezayi 28-29; Efèz 3



FAVÈ INEVITAB

Ezayi 60:2 (ESV)
...Men, Senyè a ap leve sou ou, epi y'ap wè glwa li sou ou.

Imajine'w antre nan yon chanm epi atmosfè a chanje. Konvèsasyon yo fè yon poz. Tèt yo vire. Moun yo ap chuichui, "Ki moun sa?" Ou pa di yon mo, epoutan gen yon bagay nan ou ki atire atansyon. Moun yo fè espas pou ou; yo ofri'w plas yo, pa paske yo konnen non'w, men akòz prezans ou pote a.

Se sa favè fè. Li fè'w diferan san'w pa bezwen prezantasyon. Gen yon onksyon etranj nan lavi'w ki chanje fason chanm yo reyaji avè'w. Nan tan lontan, yo te ka neglije'w oswa pase'w sou kote. Ane sa a, sa pa posib ankò.

Ou p'ap jis antre nan chanm yo; ou pral kòmande yo. Y'ap ba'w opòtinite ki pa't menm sou rada'w. Moun ap soumèt devan'w san yo pa konn poukisa. Pa kesyone sa. Pa minimize sa. Pa fè eskiz. Ou te make pou sa.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou glwa ki repoze sou mwen. Se pou chak chanm mwen antre reponn ak prezans mwen pote a. Se pou favè louvri pòt yo epi fè yo rekonèt mwen san eksplikasyon.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pote favè enkontestab. Menm nan silans, yo wè'm. Mwen pa kouri dèyè anyen; mwen kòmande. Glwa Senyè a vizib sou mwen, epi lwil etranj pale tout kote'm ale.

ETID KONPLEMANTÈ
Danyèl 1:9; Ezayi 60:1-2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 262
Ezayi 30-31; Efèz 4



DEYÒ MOND SA A

Jan 17:14 (KJV)
...Yo pa moun mond la, menm jan mwen pa moun mond la.

Moun yo fasine pa fenomèn OVNI paske yo sanble fonksyone dapre lwa ki pa koresponn ak sa nou konprann. Yo deplase yon fason diferan, yo rive sanzatann, epi yo kite obsèvatè yo ap chèche eksplikasyon.

Menm reyaksyon sa a te swiv Jezi. Lè'l te geri malad yo epi'l te fè mirak, moun yo te di yo pa't janm wè yon bagay konsa anvan. Travay li yo pa't swiv modèl familye. Yo te yon bagay ki pa nan mond sa a.

Menm prensip la aplike pou ou. Fason w'ap fè biznis la ap parèt dwòl. Fason w'ap fè lajan an p'ap koresponn ak sitiyasyon aktyèl la. Fason kliyan yo jwenn ou, pòt yo louvri pou ou, epi pwovizyon yo vin jwenn ou ap fè lòt moun rete tann epi di: "Nou pa janm wè sa fèt konsa." Ou pote yon lòt kòmand, yon lòt founiti, yon lòt fason pou pwodui rezilta. Ou pa nan mond sa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, fè travay mwen, dispozisyon'm, ak pwogrè'm fonksyone pi lwen pase modèl imen, pou glwa'w ka parèt aklè nan tout lavi'm. Mwen resevwa gras pou'm fonksyone nan yon lòt domèn epi pwodui rezilta ke se ou menm sèl ki ka eksplike.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen opere nan yon nivo siperyè. Rezilta'm yo temwaye ke'm pa fè pati mond sa a. Tout bagay nan lavi'm ekstraòdinè!

ETID KONPLEMANTÈ
Mak 2:12 (NKJV)

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 263
Ezayi 32-33; Efèz 5:1-16



PI GWO!

Lik 5:4
...Lanse filè nou yo nan pifon lanmè a, epi lage filè nou yo pou nou pran dlo.

Yon googol se 1 ki swiv pa 100 zewo. Yon googolplex se 1 ki swiv pa yon googol zewo. Anplis de sa, matematisyen yo travay ak nimewo tèlman gwo ke yo ka sèlman dekri lè'l sèvi avèk notasyon matematik. Nenpòt "pi gwo nimewo" nou pale de li a se pwòp pwen arè nou.

Nou gen lespri Kris, yon lespri ki pa konnen limit. Donk, pandan ke ti nimewo yo ka santi yo an sekirite, BonDye pa janm enstwi pèp li a pou yo panse piti. Jezi te di Pyè pou'l lage filè'l yo nan pifon lanmè a, pa nan fon lanmè a, epi rezilta a te debòde jiskaske li kraze.

Pa pè gwo nimewo yo. Di tèt ou $10,000 se lajan pòch. $2,000,000 sa a se lajan manje midi. $1,000,000,000 sa a se salè minimòm ou. Itilize lafwa pou'w lanse soti kote'w ye a pou ale nan dlo ki pi fon. Pa rete jiskaske'w bezwen envante yon non pou dekri kijan'w pwospè.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, elaji vizyon'm epi gaye tout pè ki lye ak ogmantasyon. Anseye'm panse pi gwo epi pou'm pa ensilte kapasite'w pou fè'm pwospere.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'va deklare chif ki reflete grandè Bondye m'ap sèvi a. Sa a se ane pa'm pou'm ale nan pifon lanmè a; Bondye plen filè'm yo jiskaske yo chire.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 2:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 264
Ezayi 34-36; Efèz 5:17-33



LAVI ETRANJ

Lik 2:26
Epi Sentespri a te revele'l ke li pa t'ap wè lanmò anvan li te wè Kris Senyè a.

Ou gen menm lavi ak BonDye; se yon reyalite prezan. Jan 3:16 di ke nenpòt moun ki kwè nan Kris pa dwe peri, men gen lavi etènèl. Nouvo kreyasyon an nan Kris pa fèt pou viv anba espwa lanmò. Ou dwe posede zōé, lavi jan BonDye genyen'l lan, kounye a.

Simeyon te resevwa yon revelasyon de Sentespri ke li pa t'ap wè lanmò jiskaske li te wè Mesi a. Men, ou gen plis revelasyon pase Simeyon: Lespri ki bay lavi a ap viv nan ou kounye a. Women yo di nou ke menm Lespri ki te resisite Kris la ap vivifye kò mòtèl ou a, li kontinye bay lavi, fòs ak rejenerasyon nan èt fizik ou.

Deside ke'w p'ap mouri. Deside. Kwè. Di tèt ou, "M'ap vivan e an sante lè Senyè a vini." Viv!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou lavi'w nan mwen. Jodiya mwen soumèt manb mwen yo bay Lespri ki bay lavi a pou'm ka wè lavi etènèl k'ap travay nan mwen kounye a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen gen lavi BonDye nan mwen. Mwen p'ap mouri. Mwen dekrete epi'm deklare m'ap vivan e an sante lè Senyè a retounen.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 15:51

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 265
Ezayi 37-38; Efèz 6



ASIRANS LAVI

2 Korint 9:7
Se pou chak moun bay jan yo te deside nan kè yo... paske BonDye... (...pa vle abandone oswa fè san) yon moun ki bay ak kè kontan (ki kontan, "ki rapid pou fè sa") [ki gen kè'l nan bay].

Moun achte asirans lavi pou bay pwoteksyon, pwovizyon, oswa sekirite pou moun yo renmen yo pral kite dèyè. Men, nan Wayòm nan, gen yon lòt kalite asirans lavi, youn ki prezève'w. Lè'w se yon moun ki bay ak kè kontan, ki rapid pou fè sa, ou aktive kontra asirans lavi sinatirèl BonDye a.

Dòkas te yon fanm nan Bib la ki te resisite poutèt li te kontinye bay. Desandans li te pale pou li menm lè li pa't kapab, epi BonDye te prezève lavi moun ki te bay li a.

Asire'w ke'w se kalite moun ki bay BonDye ap chèche a pou'w sekirize asirans lavi'w; pa yon moun ki bay anba presyon, men yon moun ki bay ak yon lajwa k'ap tann, paske li konnen l'ap satisfè dezi kè BonDye.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen remèsye'w pou gras pou'm reponn a envitasyon'w pou'm bay rapidman e avèk volonte. Kite pi gwo lajwa mwen se fè'w plezi nan tout sa'm fè.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se moun BonDye a ki bay ak kè kontan, ki rapid pou'm fè sa! Lè'm bay, mwen asire sistèm prezèvasyon BonDye a sou lavi'm, sante'm, fanmi'm, ak destine'm. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Travay 9:36-41

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 266
Ezayi 39-40; Filip 1



TRAVAY ETRANJ, TACH EKSTRATERÈS

Jan 10:34
Jezi reponn yo: Èske li pa ekri nan lalwa nou an: Mwen te di: Nou se dye?

Nou kreye daprè pòtrè ak resanblans BonDye. Sa vle di nou pa sèlman sanble ak nati Li, men tou ak fason Li travay. Ezayi di nou ke Senyè a fè travay etranj li ak tach ekstraterès li an. Si travay BonDye yo etranj e ekstraterès, kòm moun ki fèt ak pòtrè li, pa nou yo ta dwe menm jan an tou.

Genyen nanm pou prepare yo pou kite planèt sa a se yon travay etranj. Planifye pou letènite pandan mond lan ap kouri dèyè tan se yon travay ekstraterès. Simen nan Wayòm nan pou nou ka genyen nasyon yo yon jou se yon bagay etranj.

Ou pote ADN BonDye ki gen chemen ki entèwonp nòm yo epi defye presedan yo. Lè obeyisans ou sanble dwòl, oswa lè travay ou santi li pa an akò ak mond lan, sonje se sa'w ye. Ou te fèt pou yon travay ke'w pa ka eksplike san BonDye.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, libere'm anba apwobasyon adiksyon, epi ban'm fòs pou'm ka akonpli travay ki entèwonp nòm yo epi ki defye presedan yo. Kite'm vin yon temwen pi ke w'ap fè travay etranj ou a atravè mwen.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen gen ADN BonDye. Mwen fè travay etranj ak tach ekstraterès avèk kran. Mwen se yon ganyan nanm ak estrateji ekstraterès!

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 28:21

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 267
Lik 18:18-43; Sòm 100-102



EKSTRATERÈS

Filip 3:20
Men, [nou diferan, paske] sitwayènte nou an nan syèl...

Nou souvan konprann yon ekstraterès kòm yon èt ki soti andeyò Latè: yon fòm lavi alyèn ki soti nan yon lòt planèt. Kretyen yo ka dekri kòm ekstraterès avèk rezon. Nou se etranje sou Latè, sitwayen Syèl la k'ap viv tanporèman pami moun nou rele pou rekonsilye ak Kris yo.

Pandan w'ap viv nan yon peyi etranje, ou ka aprann lang lan epi respekte sèten koutim lokal yo, men lwayote'w rete ak peyi'w. Valè'w, desizyon'w yo, ak sans idantite'w soti la. Ou ka sanble ak tout lòt moun, men ou diferan. Pawòl ou, priyorite'w yo, ak repons ou yo revele ki kote'w vrèman fè pati.

Ewo nan lafwa yo te konnen kòm etranje sou latè. Apot Pyè idantifye nou kòm etranje ak ekzile. Latè se devwa'w, pa orijin ou. Ou jis estasyone isit la. Syèl la se vrè kay ou; Latè se jis yon vizit.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, anpeche kè'm mele ak sistèm mond sa a. Se pou lavi'm reflete klèman kilti Syèl kote'm soti a ak BonDye mwen reprezante a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon sitwayen Syèl. Lwayote'm se pou Kris sèlman. Mwen pote kilti Syèl la epi mwen akonpli misyon'm sou tè a san'm pa pèdi idantite etènèl mwen. Mwen nan mond lan, men mwen pa fè pati de li, nan Non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 11:13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 268
Ezayi 41-42; Filip 2



LWIL PI

Eklezyas 10:1
Mouch mouri yo gate lwil moun ki fè pafen an...

Kò imen an toujou ap emèt epi resevwa enèji. Nou se transmetè ak reseptè, ki fonksyone tankou antèn vivan. Se poutèt sa Ekriti Sent yo bay enstriksyon klè sou kontak fizik ak espirityèl. Lè yo poze men, yo toujou transfere onksyon, kit li de BonDye ou non.

Paske transmisyon an inevitab, disènman esansyèl. Bib la pa di pou evite transmisyon totalman; li di pou pa pèmèt li sibitman. Dwe gen prèv klè de sous la. Tankou yon rivyè, lwil koule soti anwo desann. Si tèt la polye, tout bagay anba yo afekte; epi li pa pran anpil pou polye bagay ki te pi yon fwa yo.

Nenpòt bagay ki gen plis pase yon tèt se yon mons. Konfizyon espirityèl soti nan resevwa enfòmasyon de twòp vwa. BonDye asinye yon sèl vwa prensipal, yon sèl tèt, yon sèl sous revelasyon kote lwil ou a koule. Nan Ane Lwil Etranj sa a, fè atansyon ak men, pawòl ak lespri ki moun w'ap resevwa. Pwoteje lwil ou a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ban'm disènman pou'm rekonèt vwa ou voye pou mwen an pou'm ka resevwa sèlman sa ki soti nan ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lwil mwen an pi. Mwen resevwa de sous BonDye te asinye a mwen an. Mwen dekrete e deklare p'ap gen mouch nan lwil mwen an.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Timote 5:22

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 269
Ezayi 43-44; Filip 3



PA GEN JOUK

Ezayi 10:27
...Epi jouk la pral kraze akoz onksyon an.

Anpil moun te aprann ke pasaj sa a vle di onksyon an pral kraze yon jouk apre yo fin mete'l sou yon moun. Sepandan, sa diminye tout pwa vèsè a. Onksyon yo pale de li la a pa sèlman reyaktif; li ase puisan pou fè yon jouk pa touche'w ditou.

Konsidere diferans ki genyen ant antretyen ak prevansyon. Èske'w ta pito yon jouk mete sou ou epi kraze, oubyen èske'w ta pito pa gen jouk? Konparezon an sanble ak gerizon kont sante divin. Gerizon retabli sa maladi te andomaje, men sante divin anpeche maladi vini okòmansman. Youn bon; lòt la siperyè.

Lè onksyon an prezan e aktif, opresyon pa ka enstale'l, limitasyon pa ka enpoze'l, epi chay pa ka atache tèt yo. Lwil etranj sa a kreye yon anviwònman kote jouk yo pa ka siviv. Nan moman yo eseye pran kontak, yo detwi.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'w etabli yon anviwònman nan lavi'm kote opresyon, limitasyon, ak chay pa ka repoze oswa retounen. Kite onksyon sa a domine nan tout aspè lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pa ka anba jouk. Pa mwayen onksyon etranj sa a, okenn chay, limitasyon, oswa opresyon pa ka atache a mwen nan Non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Galasi 5:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 270
Ezayi 45-46; Filip 4



LENDI, 28 SEPTANM

GoodNews DAILY

VIKTWA SAN SWE

Jozye 10:11
Epi se te konsa... Senyè a te voye gwo wòch soti nan syèl la sou yo... epi te gen plis moun ki te mouri anba lagrèl pase moun pèp Izrayèl la te touye ak epe yo.

Lekriti jodiya rapòte yon batay kote plis lènmi te mouri anba lagrèl BonDye te voye pase ak epe Izrayèl yo. Rezilta a pa't soti nan ladrès siperyè, estrateji, oswa fòs gason vanyan yo, men nan entèvansyon divin.

Gen moman kote BonDye pa vle sèlman bay pouvwa pou goumen. Li vle pou yo konnen ke Li menm te antre nan konfli a kòm konbatan an. Se yon travay ekstraterès. Ane sa a, BonDye vle li klè san ezitasyon ke se pa efò'w ki reyalize viktwa. Batay la pa delege ankò; BonDye ap goumen dirèkteman pou ou pou pèsonn pa ka pran kredi.

Nan sezon sa a, pa mezire viktwa a pa kantite efò'w fè. Veye men BonDye a k'ap fè sa Li menm sèlman ka fè nan fason ki pa kite okenn dout ke se Li menm sèl ki te asire rezilta a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'w goumen pou mwen epi'w asire viktwa'm. Kite pou rezilta a temwaye ke se te men pa'w sèlman.

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye li menm goumen pou mwen, epi viktwa a pa ka nye. Lènmi'm yo pral vin lènmi youn ak lòt. M'va temwaye!

ETID KONPLEMANTÈ
2 Istwa 20:15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 271
Ezayi 47-49; Kolòs 1



ENMI PASIFIK YO

Pwovèb 16:7
Lè chemen yon nonm fè Senyè a plezi, li fè menm lènmi'l yo viv anpè avè'l.

Nan Ane Lwil Etranj sa a, BonDye ba'w lapè ak lènmi'w yo atravè entimidasyon sen. Pa gen negosyasyon ki nesesè. BonDye ap regle bagay yo anvan'w rive. Se tankou w'ap tann yon batay legal ki long epi ki trennen, sèlman pou'w jwenn jij la deja pran desizyon an favè'w byen lontan avan pye'w te janm touche mach eskalye tribinal la. Ou p'ap antre pou konteste, men pou kolekte.

Ale avèk konfyans pandan rès ane sa a, konnen ke BonDye deja pran devan'w epi Li louvri chemen an pou'w mache anpè. Rejwi, konnen ke lènmi'w yo pral zanmi'w ane sa a. Se pap paske yo renmen'w oubyen kè yo chanje, men paske yo pè'w. Moun ki te konn opoze'w yo pral kounye a kontwole tèt yo, paske y'ap konnen ke konteste avè'w gen konsekans. Alelouya!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'w ap goumen ak moun k'ap goumen avè'm yo. Gras a ou, m'va mache nan lapè.

DEKLARASYON PWOFETIK

Tout lènmi ap tranble lè yo wè'm, lè yo tande non'm. P'ap gen rezistans, paske BonDye avè'm. Akò ap vini. Lajan an ap vini. Pèsonn p'ap kanpe devan'm!

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 2:1-5

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 272
Ezayi 50-52; Kolòs 2



PWODUI POU RETIRE RID

Jenèz 18:14
Èske gen yon bagay ki twò difisil pou Senyè a? ...

Bib la pale nou de Sara ki te gen swasant-senk an lè pitit gason Farawon yo te gade'l epi yo te di: "Mamma Mia!" Swasant-senk an! Tan, laj, ak byoloji pa't gen okenn pouvwa pou diminye cham li. Pa't gen okenn rid okenn kote.

E Estè? Selon delè a, li te gen anviwon katreven-kenz a san kenz an lè yo te mennen'l nan palè Wa Asyeris la. Men Bib la di li te fè konpetisyon ak jèn fi epi li te genyen! Vyèy Estè te fè grandizè, epi wa a te di: "Se li menm mwen renmen an."

Pa fè erè pou panse m'ap pale sèlman ak fanm isit la. M'ap anonse'w ke "rid" fizik, istorik, ak finansye p'ap diskalifye'w pou sa BonDye ap fè ane sa a. Rid pase'w yo p'ap bloke'w. Sa ki te sanble ekspire vin eksepsyonèl. Sa ki te dwe diskalifye'w ap inyore. Senyè a ap fè travay etranj li an!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske w'ap fè sa ou menm sèl kapab fè. Kite tout siy reta, kanpe an plas, ak diskalifikasyon efase pa travay etranj ou nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Reta fini! Tan mwen rachte, epi tout rid pase'm yo retire. Sa ki te diskalifye'm nan, li ranvèse pa travay etranj BonDye a. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Jenèz 12:9-15; Estè 2:7-17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 273
Ezayi 53-55; Kolòs 3



GID PWOFETIK OU CHAK JOU

GoodNews Daily kontan prezante edisyon espesyal ki kreye ak anpil swen pou adolesan ak timoun, ki akonpaye devosyon prensipal nou an. Chak edisyon delivre Pawòl pwofetik jounen an direkteman soti nan kè pwofèt Uebert Angel, prezante nan yon fason ki pale ak chak etap nan lavi a epi ki konekte ak chak manm fanmi an.

Devosyon sa yo te rasanble ak anpil swen pou fè Pawòl Bondye a vin vivan nan yon fason ki fasil pou moun idantifye avè'l epi ki gen enpak, pou ede lektè yo grandi nan lafwa, konpreyansyon ak matirite espirityèl. Misyon nou se asire ke verite Bondye a rive nan kè tout laj, pou enspire yon relasyon pi pwofon avèk Li chak jou.



EDISYON ADOLESAN YO
Ale pi fon avèk apèsi pwisan ki ekipe jèn yo pou yo navige defi lavi yo avèk sajès ak fòs espirityèl.

EDISYON TIMOUN YO
Fèt pou prezante konsèp fondamantal lafwa, lanmou, ak pwomès Bondye yo nan yon fason amizan e kaptivan pou ede jèn yo devlope yon relasyon solid ak Bondye epi rann Bib la vivan.

Chak jou, w'ap resevwa Pawòl Pwofetik Jounen an, ekri pa Pwofèt Uebert Angel, yon mesaj diven pou ranfòse relasyon'w avèk Bondye epi gide'w nan viv dapre Pawòl Li. Se yon fason pwisan pou fanmi yo grandi ansanm nan lafwa epi apwofondi konpreyansyon yo sou verite Bondye a.

PA RATE SA!
Kòmanse fè eksperyans pouvwa transfòmasyon BònNouvèl Jounen an, yon gid pwofetik ki fèt pou ankouraje ak enspire chak jenerasyon!

SCAN ME



SENYÈ JEZI KRIS NOU AN

Senyè nou Jezi Kris se wòch angilè lafwa Kretyèn nan, lavi Li ak ansèyman Li yo te enfliyanse anpil anpil istwa limanite. Senyè nou Jezi Kris koni pou konpasyon san parèy Li, sajès Li, ansanm ak mirak Li te fè yo. Mesaj Li ki te santre sou lanmou, padon, ak pwomès lavi etènèl, sa ki ofri lespwa ak redanmsyon pou tout moun ki kwè nan Li. Pandan tout ministè Li, Li te vwayaje atravè peyi Jida, pandan L'ap geri malad yo, konsole moun ki aflije yo, ak ansenye sa ki konsène Wayòm etènèl BonDye a.

Resevwa Jezi Kris kòm Senyè ak Sovè pèsonèl ou vle di aksepte ansèyman Li yo epi envite prezans transfòmativ Li nan lavi'w. Se yon vwayaj k'ap mennen nan akonplisman espirityèl, ki fonde nan lafwa, lanmou, ak pwomès pou jwenn sali.

Avèk Senyè nou an Jezi Kris, nou jwenn fòs, espwa, ansanm ak yon wout pou lapè etènèl. Pou'n ka vin konplè, oswa pou'n sove, se pou'n soumèt nou bay BonDye ansanm ak plan Li avèk objektif Li pou lavi nou. Se vire do bay ansyen fason nou yo epi vire fas bay Jezi Kris, pou'n mande Li padone peche nou yo epi ban nou lavi tou nèf nan Li.

Ròm 10:9 (KJV)
"Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè'w BonDye te fè'l leve soti vivan pami mò yo, wa sove."

Sali se kado gratis BonDye ban nou epi nou vin pitit Li. Se yon akseptasyon irevokab nan fanmi BonDye a ak yon pouvwa pou fè viv yon lavi konplè ak byen ranpli nan objektif pou reflete BonDye ak tout rès kreyasyon Li an.



ESKE'W RESEVWA JEZI KRIS DEJA?

"Paske, Pitit Lòm nan vini pou'l chache epi pou'l sove sa ki te pèdi." – Lik 19:10 (KJV)

N'AP ENVITE'W FÈ JEZI KRIS, SENYÈ LAVI'W NAN FÈ PRIYÈ SA A;

"Senyè BonDye, mwen vin kote'w nan non Jezi Kris. Mwen kwè ak tout kè'm nan Jezi Kris, pitit BonDye vivan. Mwen kwè li te mouri pou mwen e BonDye te leve li nan lanmò. Mwen kwè ke li vivan jodiya. Mwen konfese ak bouch mwen ke Jezi se Senyè lavim depi jodiya. Ak li e nan non li, mwen gen lavi etènèl; mwen fèt ankò (ne de nouvo). Mèsi Senyè, poutèt ou sove nanm mwen! Mwen se pitit BonDye kounye a. Alelouya!"

Felisitasyon!
Kounye a ou se pitit BonDye.

Kontinye grandi lè'w rete nan Pawòl li, priye chak jou, epi kenbe lafwa'w solid. BonDye rezève yon pakou enkwayab pou ou.

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:
UK: +44 1244 727242 | **USA** +1 448 877 0344
RSA: +27 872 654 913 | **ZWE** +263 8677 211 645
WhatsApp: 0773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME



PASAJ LABIB POU PWOTEKSYON

Ou antoure pa pouvwa BonDye a, pa gen anyen mal ki ka kanpe kont ou!

EZAYI 54.

14. Mwen te fèt solid, anrasinen nan ladwati. Byen lwen tout twoub—pa gen anyen pou'm pè! Byen lwen latèrè—li pap menm ka vin pre'm!

15. Si nenpòt moun atake'm, mwen pap panse yon moman ke se BonDye ki te voye yo. E si nenpòt moun ta dwe atake'm, pa gen anyen k'ap pase.

16. BonDye te kreye fòjwon ki met dife nan fòj li epi fabrike zam pou touye. Se Limenm tou ki kreye bandi k'ap kraze brize.

17. Men pa gen okenn zam ki ka blese'm ki te fabrike deja. Nenpòt moun ki akize'm yo pral pase kòm mantè. Mwen se sèvitè BonDye kidonk men a kisa m'pral atann: BonDye pral fè ansòt ke tout bagay mache trè byen pou mwen.

Se sa BonDye di e sa pap echwe nan non Jezi!

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:
UK: +44 1244 727242 | **USA** +1 448 877 0344
RSA: +27 872 654 913 | **ZWE** +263 8677 211 645
WhatsApp: 0773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME



YON VIZYON GLOBAL MANDE YON BIDJÈ GLOBAL

VIN YON PATNÈ BÒNNOUVÈL JOUNEN AN



Chak mwa, patnè devwe nou yo distribye kopi gratis devosyon BònNouvèl Jounen an bay moun ki nan òfelina, prizon, lopital, mezon retrèt, lekòl, enstitisyon gouvènman, ak anpil lòt kote atravè lemond. Nou te resevwa anpil temwayaj sou delivrans, gerizon, pwovizyon divin, ak anpil lòt mirak kòm rezilta kanpay distribisyon mondyal sa a.

Vin jwenn nou epi fè pati mouvman gloriye Bondye sa a, k'ap bay moun chans pou fè yon nouvo demaraj ak yon lespwa tout nèf pou demen.

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:
UK: +44 1244 727242 | **USA** +1 448 877 0344
RSA: +27 872 654 913 | **ZWE** +263 8677 211 645
WhatsApp: 0773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME



YON MESAJ

PLIZYÈ LANG

PASKE MESAJ KRIS LA PA KONNEN BARYÈ LANGAJ

BònNouvèl Jounen an ap transfòme lavi atravè lemond atravè tradiksyon nan plizyè lang ki pale toupatou, sa ki bay plizyè milyon moun aksè a konesans Jezikri ki ap sove. Nan tout nasyon ak kilti, moun toupatou ap rankontre Pawòl pwofetik la epi fè eksperyans rankont ak BonDye ki chanje lavi atravè devosyon sa a.



BònNouvèl Jounen an ap kraze baryè epi l'ap pale dirèkteman nan kè moun yo nan pwòp lang yo. Depi lakay ak lekòl rive nan legliz yo, inivèsite e menm nan mitan lidè ak prezidan yo, li rive nan tout nivo nan sosyete a.

Nan pote Pawòl pwofetik Pwofèt Uebert Angel la nan chak nasyon ak chak lang, BònNouvèl Jounen an ap ede akonpli Gran Komisyon an nan jenerasyon sa a.

GoodNews DAILY

BYENVINI NAN
SANT SOU ENTÈNÈT NOU AN



DEKOUVRI PLIS VIZITE SITWÈB NOU AN JODIYA

Vizite sitwèb GoodNews Daily a pou jwenn aksè a devosyon pou granmoun, adolesan ak timoun yo, chak ekri ak anpil atansyon pou ranfòse lafwa'w epi apwofondi konpreyansyon'w sou Pawòl Bondye a. Sitwèb la prezante tou ansèyman pwofon Pwofèt Uebert Angel yo, dènye nouvèl sou evènman GoodNews Daily ki pi pwòch yo, ak yon pakèt resous ki fèt pou ede'w grandi ak pwospere nan tout aspè nan lavi'w.

Kit w'ap chèche enspirasyon chak jou, revelasyon ki pi pwofon, oswa fason pou'w rete konekte ak Mond GoodNews la, tout sa'w bezwen disponib nan yon sèl kote sou sitwèb GoodNews Daily a.

Konekte avèk nou sou rezo sosyal yo:
@goodnewsdailydevotional
For daily encouragement, teachings and uplifting messages.

GoodNews DAILY

NIMEWO 3 | 2026

JIYÈ – OUT – SEP

BònNouvèl Jounen an se yon devosyon ki pwodui pa Spirit Embassy: The GoodNews Church, ki pataje ansèyman pwofetik ak revelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Li dedye a gaye mesaj Jezikri a epi ranfòse kwayan yo ak Pawòl Bondye a.

POU PLIS ENFÒMASYON, LAPRIYÈ, OSWA POU PATISIPE, TANPRI KONTAKTE BRANCH LOKAL OU A:

Non Branch lan: Spirit Embassy Canada
Moun pou kontakte: Chaplain Othniel Dory
Nimewo Telefòn: 514-567-4664
Imèl:
Adrès:

Copyright © 2026 by Uebert Angel
Tout dwa rezève.

support@goodnewsworld.com
www.goodnewsworld.com

Pou plis enfòmasyon oswa pou pataje temwayaj ou:
gnd@goodnewsworld.com | www.goodnewsdailydevotional.com

Pou grandi plis kòm yon kretyen kontakte nou:
UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942
RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME


GoodNews
MESSAGE OF THE HOUR
GoodNews
MESSAGE OF THE HOUR
GoodNews
MESSAGE OF THE HOUR
GoodNews
MESSAGE OF THE HOUR
Pou plis enfòmasyon sou kijan'w ka grandi kòm Kretyen, tanpri kontakte nou nan :
UK: +44 3333 448 612
USA: +1 240 781 6942
RSA: +27 51 004 0209
ZWE: +263 773 195 9555
gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com
SCAN FOR YOUR FREE DOWNLOAD